

# Apokalips Chapit 4, Twazyèm Pati

## 61-0108, Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi frè Neville. Seyè a beni w tou. E bonjou, klas biblik. E kòman tout moun santi yo maten an? Byen, mwen espere. Amèn. Nou on jan...sa te yon sòt de avètisman dènye minit ke nou te genyen ki di ke nou ta dwe isit la maten an, paske mwen pa t gen...itinerè mwen an te fèt poutan jis lè m te dwe kite lakay. E an atandan kounye a li fèt pou sis pwochen mwa yo, ebyen, alò, mwen te panse li ta pi bon pou nou gen sèvis la maten an paske sa pral pran kèk tan anvan mwen retounen ankò, osi lwen ke mwen konnen; petèt otòn sa a.

2 E mwen pral...nou pral kite kounye a semèn k ap vini an pou ale nan Beaumont, Texas, kote n ap kòmanse anba a la semèn pwochèn epi ale la pou anviwon yon uit oswa dis jou reyinyon avèk asosyasyon diferan legliz endepandan yo. Li reyèlman patwone pa legliz *Non Jezi* yo anba a nan Beaumont, Texas, kote nou te gen gran reyinyon kèk tan de sa, jis touswit apre foto sa a te pran. Epi yo...Mwen konnen yo te mennnen yon vagon laba a avèk, mwen kwè, vennsèt vagon...oswa yon tren ak vennsèt vagon sou li, te vini nan reyinyon an nan Beaumont. Se kote majistra vil la te gen parad la epi li te mache nan tout lari yo, ak tout moun sa yo. Te gen yon gran moman nan Beaumont, epi n ap retounen semèn sa a k ap vini an. Epi nou te konte ale San Antonio, men nou p ap gen ase tan pou li, amwens lè nou retounen.

3 Epi n ap soti la pou ale Phoenix, Los Angeles, desann Long Beach. E lè nou tounen, si Seyè a vle, n ap tounen nan Kòt Lès la, tounen moute nan Virginia ak South Carolina. Epi n ap retounen nan Bloomington, Illinois. Epi soti la pou Lekòl Segondè Lane Tech la, nan dènye semèn mwa avril la: Òmdafè Kretyen yo. Epi m ap pati soti la pou ale nan nò Kolonbi Britanik, moute nan direksyon Alaska, epi rete la jouk jen. E, alò, nou espere pase yon bon moman.

4 Epi m ap priye si ankèt la...ke m anba l la depi yon ti tan ak taks sou revni, konsènan legliz la isit la, va fini nan tan sa a. Lè sa a, nou pral...M ap kapab ale lòt bò dlo lè sa a si sa fini, jis nan mwa jen, sa pral fè li jis bon pou Lafrik; pou jen, jiyè, ak out, an—an Afrik. Kifè, mwen sètènman bezwen priyè nou yo.

5 Epi n ap tann vini Seyè a. Tout bagay sa yo se "si se volonte Seyè a," ou wè. Nou pa konnen, Li te ka...Sa yo se pa direktiv egzak, nou jis rasanble tout envitasyon yo ansanm epi nou priye

sou li, mande Seyè a: "Nan ki direksyon pou n ale?" E—e li te sanble tankou, lè sa a, mwen pa kite tout sou kont mwen, mwen kite lòt moun panse sou sa, lapriyè sou sa. Epi li te sanble tankou ke nou tout te santi nou kondwi pou ale nan Iwès, sid ak Iwès nan moman sa a. Alò nou te gen envitasyon toupatou, kifè nou jis te kòmanse touswit. E premye plas ki te tonbe sou kè m se te swa Beaumont swa San Antonio. Alò nou te verifye, epi nou te gen envitasyon nan tou de kote yo. Epi...

6 Nou te rele youn nan Beaumont. Epi etan done ke yo te gen karantde legliz an koperasyon, kay Pannkotis Ini yo e latrìye, nou te panse ak yon gwo oditoryòm li ta pi bon pou ba yo apeprè dis jou olye pou bay senk e senk nan chak kote. Mwen panse ke si nou santralize li konsa li pi bon. Epi, gen anpil moun ki nan bezwen nan alantou Beaumont epi desann nan pati kote ki gen petròl la nan Texas la a, alò nou espere yon gran moman nan Beaumont.

7 E kounye a, nou pa janm eseye ale kote ki gen gwo sant ak gwo plas. Men nou eseye ale jan Seyè a va dirije nou pou n ale, kèlkeswa jan li piti oswa ki jan li gwo, jis fason Seyè a ap dirije. Kounye a, nan nenpòt ki lè, Li te kapab ban nou yon apèl *Masedwan* epi nou ta kite chan an nan nenpòt ki lè pou nenpòt sa Li ta rele nou pou nou fè, nenpòt kote.

8 Epi nou sèten nou te jwi tan kominyon sa a ansanm alantou Pawòl Bondye a avèk nou moun de byen. Mwen gen konfyans ke nou va fidèl kounye a epi vini nan legliz epi obeyi ansèyman Bib la atravè brav frè nou an isit la, Frè Neville, ke mwen trè rekòmande kòm yon sèvitè Seyè Bondye a, e ki ap pwogrese pi fon e pi fon ak Bondye, e mwen sitèlman kontan pou sa.

9 Epi ti legliz la, mwen avèti nou nan Non Seyè Jezi a pou n grandi nan gras Bondye a, kenbe tèt ou fiks epi gade nan direksyon Kalvè a tout tan, mete deyò tout rasin anmètim nan kè nou ak nanm nou, pou ke Bondye ta ka itilize nou nan nenpòt ki lè. Si ou janm santi pou w fè yon bagay, oswa yon revelasyon oswa yon bagay vin jwenn ou yon fason etranj, yon bagay k ap avèti w oswa yon bagay, ou dwe fè atansyon! Satan osi sounwa e rize ke li kapab. Ou wè? Mete li devan Pawòl Bondye a epi konsilte pastè ou. Ou wè?

10 Epi ou jwenn don e latrìye k ap fofile nan legliz la, ak operasyon don sa yo. Anvan ou kite I opere ak bagay sa yo, dabò...Santi li peze sou kè w...Kounye a, lènmi an reyèlman rize. Ou wè? Epi se jis sa ki dechire legliz yo an miyèt moso chak fwa, se yon vrè don ki opere mal. Ou wè? Yon bagay Bondye ap eseye fè, e ki opere mal, li pral jis—li pral jis senpleman...Pa sèlman fè w mal, men li pral dechire legliz la nèt. Ou wè? Verifye li, fè I pase atravè e nan Bib la, epi teste li epi wè si se Bondye oswa non. Jis kontinye teste li epi eseye, wè si li aliye pafètman e si li konfòm ak Pawòl la. Lè sa a, ou an òd, ou wè.

11 Osi lontan ke Pawòl la te di li ta isit la, li ta opere yon sèten fason, rete dwat avèk li. Pa janm detache, pe enpòt sa nenpòt moun fè, ki jan li sanble li reyèl. Si li pa reflete nan Lèzekriti soti depi nan Jenèz jouk nan Apokalips, kite li pou kont li. Pa pran okenn chans, nou nan dènye jou yo lè Satan jis ap twonpe jan li kapab.

12 Padonnen mwen si m ap eseye pran plas yon chèf; Mwen pa yon chèf. Men mwen epwoueve pou nou sa Pòl te di dèyè a la sou asanble I la yon fwa: "Nou se zetwal yo nan kouwòn mwen an." Lè mwen travèse peyi a lòt bò a, epi rankontre nou nan kondisyon glorifye sa a, mwen vle nou kanpe la pou nou klere tankou zetwal ki nan kouwòn mwen an. Ou wè? E mwen—mwen vle nou la, mwen vle la.

13 Epi mwen sonje nan vizyon mwen an lè m te wè Prezans Seyè a, oswa pèp Li a nan Peyi gloriye sa a laba a, mwen te gade toutotou, mwen te di yo...Epi yo te di m ke Li t ap jije m an premye pa Levanjil ke mwen preche a. Mwen di: "Jis egzakteman fason Pòl te preche Li!"

14 Epi dè milyon de moun te rele byen fò: "N ap repoze nou sou sa!" Ou wè? Ou wè. Kounye a, mwen vle pou li konsa. E nou pral rankontre la yon jou.

15 Epi Bondye pa janm voye Frè Neville ak mwen pou vin chèf, ditou. Nou se sèlman frè ou yo, ou wè, enstriktè nan Levanjil la. Alò annou tout travay ansanm.

16 Epi pafwa si—si yon bagay k ap opere dwe denonse oswa—oswa yo dwe di yon bagay sou li, kondane li oswa yon bagay nan lòd sa a, epi moun ki te resevwa don sa a rejte li, jis sonje...refize li, sonje, don an pat kòrèk. Se pat Bondye pou kommanse. Lespri Bondye a toujou pare pou koreksyon, dous ak enb, dispoze. Ou wè. Si li kanpe epi li di: "M ap fè I kanmenm," nou konnen ki jan pafwa...Jis sonje, lespri awogan yo pa sot nan Bondye. Ou wè? Alò poukisa pou n pran yon rechanj lè tout bagay, tout tè a, ranpli ak Glwa Bondye a, ou wè, vrè pwisans Bondye a. Poukisa nou pral pran yon rechanj? Nou twò ta nan jounen an kounye a; men, sonje, Bib la te di ke li ta vini tankou yon...jis osi sounwa ke li ta kapab, epi twonpe vrè Eli yo si sa posib. Ou wè?

17 E, kounye a, pafwa nou panse nou se Eli yo, e mwen espere ke nou se sa, men ann jis rete trè fidèl ak Bib la. Epi si tout bagay kòrèk ak Lekriti, e ann òd ak Lekriti, pote Glwa bay Bondye ak onè nan legliz la, e latrìye, alò nou konnen ke li sot nan Bondye paske Bib la apiye I. Men jis teyori nou p ap apiye I, li p ap itil anyen, li va echwe.

18 Kifè donk si gen yon bagay ki frape nou, kèlkeswa jan li sanble reyèl, si li pa bon, li pa selon Lekriti, debarase n de li kounye a; paske gen—gen Youn ki reyèl k ap tann, ou wè.

19 Alò, lapriyè kounye a. Epi toujou, e tout sa w ap fè, lapriyè pou mwen. Priye pou mwen paske n ap frape chan yo pou dènye fwa yo, dapre opinyon m. Nou prale kounye a...

20 Epi, sonje, gen gran bagay k ap pran plas, li enkoni nan mitan mond lan. Jezi te vini, li te viv, li te mouri, li te sakrifye, li te retounen nan Laglwa, e dè milyon pa t menm konnen anyen sou sa. Ou wè? Li pa fleri, gran, gwo; se: "Li te vin lakay Pa L yo," ou wè. Epi..."Sila ki gen zòrèy pou tandem, se pou l tandem sa Lespri a ap di legliz yo." Se pa pou deyò, "pou Legliz la." Se Legliz la ki resevwa sekous Li.

21 Mwen te konn abitye panse diferan de sa jiskaske yon jou Li te pale avè m; Li te fè m retounen nan Pawòl la epi reflechi sou ki jan tout pwofèt yo te pale de lè Jan te vini, yo te di: "Kote ki wo yo gen pou vin ba, epi kote ki ba yo gen pou vin wo." E ki jan pwisans Bondye ta travay! Ak..."Tout mòn yo ta sote tankou ti belye mouton, epi fèy yo ta bat men yo." Ebyen, sa te sanble ke yon bagay reyèlman te pral pran plas. Ou wè? Men, lè li te fèt, kisa k te pase? Yon vye kanmarad soti nan dezè a, pwobableman ak yon bab ki pouse toupatou ak yon vye moso po mouton vlope toutotou l. Pa t gen okenn konfò nan dezè a. Li te la depi li te gen nevan, e li te gen trantan lè sa a. Li te vin ap mache soti nan dezè a, ap frape pye l, preche larepantans, kanpe nan labou jouk nanjenou li, pwobableman, sou bò larivyè Jouden an. Epi se lè sa kote wo yo te vin ba epi kote ba yo te vin wo. Ou wè? Se...

22 Ou dwe gen konpreyansyon espirityèl. Sonje byen, Bondye pat janm, e Li p ap janm, sou tè sa a, rete nan ekla. Li kont sa. Li pap janm...gran mesaj yo se p ap janm "fè gwo gwo entèl entèl ak entèl..." Sa pa fèt fason sa a. Sèvitè l yo pa travay fason sa a. Ekla li ak glwa li se pi wo.

23 Yè, oswa de jou de sa, mwen t aprale nan Kentucky, anwo nan Kentucky ak bon zanmi m lan, Frè Banks Wood, te gen yon fam polisyè ki kanpe deyò a, epi li te di: "Gason, nou ta fè mye ralanti," li di: "li brital."

24 E mwen di: "Wi, se vre." Mwen di: "Lè yon nasyon rive nan yon kote dè milyon ap travay epi yo dwe pran fanm, fè yo polisyè epi voye yo deyò a la, epi fè yo chofè taksi ak lòt bagay konsa, se youn nan gwo tach sou nasyon nou an." Li gen jis apeprè anpil biznis deyò a tankou yon—tankou yon lapen genyen nan yon chodyè grès. Ou wè? Se jis—se jis—jis pa plas li. Epi mwen di: "Sa te konn abitye deranje m sitèlman, men kounye a mwen kòmanse sonje, 'Franchman, se pa etonan, sa se—sa se pa wayòm nou, nou pa nan mond sa a.'" Yo te...ou...

25 Poukisa fanm yo (fanm nou yo) pa gen cheve yo—yo kout, makiyaj, wòkennwòl, ak tout bagay sa yo? Poukisa, moun yo ale nan legliz òdinè ak bagay sa yo, panse: "Sa se kòrèk." Poukisa? Li...yo—yo se Ameriken; nou se Ameriken, yo gen lespri Ameriken. Nou pa

Ameriken, nou se Kretyen. N ap viv...lespri nou soti nan yon lòt Wayòm. Si lespri nou te sot nan wayòm sa a alò nou ta adore bagay sa yo, alò nou ta adore tout chante vilgè sa yo epi adore tout wòkennwòl sa a. "Kèlkeswa kote kè w ye, se la trezò w ye." E trezò nou yo soti anwo. Kidonk nou pral nan yon Wayòm.

26 Sa se pa lakay nou, nou jis de pasaj isit la n ap eseye fè lòt sitwayen soti nan fènwa a. Epi lè m ale nan yon vil e petèt mwen òganize yon kanpay nan tout vil la, mwen jis laboure pou yon semèn oswa dis jou, pou yon sèl nanm presye deyò a la; yon sèl, jis yon sèl ki chita deyò a la.

27 Ou ta ka di: "reyinyon an te yon gwo siksè, senk mil te vini sou lotèl la"; te ka pa gen yon sèl nan yo ki sove, pa yon sèl nan yo. Ou wè? Epi te ka gen...Ou ta ka panse la: "Se sèlman de moun ki te vin sou lotèl la"; men youn nan yo te ka yon bijou. Nou fèk lanse sèn nou nan wiso a. Bondye chwazi pwason yo, Li konnen kisa k pwason e kisa k pa pwason.

28 Alò, ou wè, nou jis ap preche. Epi sonje w ap fè menm bagay la nan tabènak sa a. Men, sonje toujou sa a, "mouton M yo konnen vwa M." E Vwa Bondye se Pawòl Li.

29 Mwen t ap panse lòt jou a ki jan moun sa yo ki di ke pat janm te gen...Yon sèten denominasyon nan legliz ki di: "Gerizon Divin pat kòrèk. Pat janm gen pèsonn yo te bay yon don gerizon Divin eksepte Sen Pòl oswa apòt yo, douz yo nan chanm wot la. Yo pat ba yo don gerizon Divin, e se te tou. Sa regle kesyon an."

30 Men, ou wè, atravè bèle chema sa a ke Frè Willie, isit la, sitèlman byen desine pou nou, ti fil sa a te pase atravè legliz yo sou tout chimen an. Mwen mande m ki sa menm denominasyon sa a di sou istwa legliz la, sou Irene, sou Saint Martin? Ak tout moun mati sa yo atravè laj la, pou dè santèn ane apre lanmò apòt yo, pale an lang ak geri malad yo ak resisite moun ki mouri yo ak fè mirak, legliz la an antye. M ap mande m e yo menm, si se te sèlman pou apòt yo?

31 Gade jan li etwat? Yo pa gen konpreyansyon espirityèl, se tou. Ou wè, "Avèg! Mouri nan peche ak ofans!" *Peche* vle di "enkredilite." Nenpòt bagay ki gen rapò ak enkredilite se peche. Si yon kanmarad gen yon—yon tit *ki long* (Doktè an Divine, doub L., Doktè an Filozofi., Doktè an Dwa) epi li di: "pa gen okenn bagay tankou gerizon Divin oswa batèm Sentespri a," nonm lan mouri nan peche. Li ta ka eksplike tout kalite mistè nan Bib la, men lavi li menm (temwayaj li) pwouve ke li mouri. Li mouri nan peche ak ofans paske li se yon pechè.

32 Peche se enkredilite. Nenpòt moun ta dwe...Peche, se pa komèt adiltè ak fimen sigarèt ak danse ak—ak konpòte w mal konsa. Se pa sa ki peche, se atribi enkredilite. Men yon—yon kwayan...Pa gen pwoblèm si yon nonm pa bwè, pa fimen, pa fè bagay sa yo, pa janm di yon move mo, obsève tout dis Kòmandman yo, li ka toujou yon pechè andisi, ou wè, jis osi wo

plase ke li kapab. Si li renye nenpòt bagay nan pwisans Bondye a, li se yon pechè! Mo *peche* se “enkredilite.” Kounye a, jis dekouvri, gade pou wè si sa se vre oswa pa vre. Yon enkwayan nan Pawòl Bondye a, li se yon pechè epi li pa ka antre nan Wayòm Syèl la.

33 Kounye a, o, mwen te panse alò maten an, pou m te pran l sou kont mwen pa volonté Seyè a, dapre kòmandman Sentespri a, pou m desann nan tabènak la ankò e petèt kenbe nou tout de ou twazèdtan. Men mwen vle fini liv la nan chapit 4 la nan Apokalips anvan m ale. E kounye a mwen espere ke li pa fatigan pou nou, mwen espere ke li—li mèveye pou nou. Mwen espere ke se yon bagay ki pral fè w byen epi ede w nan jou k ap vini yo.

34 E kounye a petèt...Mwen di Billy pou l desann isit la maten an epi bay kat lapriyè yo si te gen etranje nan mitan nou, paske nou pral kite, epi...kounye a, epi mwen pa konnen ki lè nou pral tounen. Bondye sèlman konnen sa. E mwen te vle...te panse petèt dènye reyinyon an si...e lè li te rele m lè sa a, vè—vè nèvè epi li di: “Papa, gen kèk moun pou priye pou yo. Mwen te mande yo, men” li di, “se moun ki—se moun ki vini legliz tout tan.”

35 Mwen di: “Alò pa bay okenn kat lapriyè, ou wè.” Mwen di: “Paske se moun...Si nou gen lapriyè pou moun ki malad maten an, n ap rele moun yo epi lapriyè pou yo.” Men mwen di: “Si se—si se moun ki frekante tabènak la ke nou konnen...Non, mwen vle kèk etranje.”

36 Epi li di alò, li te soti la kèk minit de sa lè li te rankontre m ki kanpe deyò a, li di: “Ebyen, mwen te bay kèk kat lapriyè.” Li di: “Jis kèk ki anndan, mwen te bay kat lapriyè.” Li di: “Ou ka fè tout sa w vle.”

37 Mwen di: “Ebyen, nou pral wè ki jan mesaj la ap pase, wè ki kote nou ye, epi nou prale. Mwen...”

38 Li di: “Ebyen, anpil moun yo te vle kat lapriyè, natirèlman, men” li di “yo te moun ki la nan legliz la.” Ou wè?

39 Ebyen, nou konnen Bondye se Bondye. E, o la la, jis zèv sa yo ke Li fè! Franchman, telefòn nan ap sonnen tout tan, pa moun ki gen diferan bagay, ki jis kèk ti bagay pafwa, e ki jan Bondye reponn priyè!

40 M ap mande m si ti dam sa a oswa mari l isit la ki soti New Albany, ke yo te pote ti bebe sa a ki te toufe lòt jou swa a, ak nemoni, nan kay mwen an vè minwi, inè di maten? Men li, se byen. Koman bebe a ye? [Nonm nan kongregasyon an di: “Oke!”— Editè a.] Se byen, se bon, dakò.

41 Jis kite m montre nou, ou wè, se yon bagay nou pa t ap konnen, ki pa kontinye lè Sentespri a pale. Fred Sothmann, presye frè nou an, Fred; Mwen tande l di: “Amèn” yon ti tan de sa,

men mwen pa t kapab mete I deyò. Ki kote li ye? Eske li la? Isit la, jis isit la, Frè Fred Sothmann. E pou montre kijan sa senp...Li te gen kèk zanmi k ap vini, ki te Frè Welch Evans, mwen sipoze, mwen pa konnen. Yo te gen yon karavàn la; yo te fèmen pòt yo epi Fred pèdi kle yo, epi yo te chache toupatou epi yo pa t kapab jwenn yo okenn kote. Epi Frè Welch t ap vini touswit. Alò jou a rive ke li te dwe rive ak bagay sa yo, yo pa t kapab jwenn kle a okenn kote, kifè li jis rele lakay li, li di: "Frè Branham, ki kote kle yo ye? Ki kote nou ta jwenn yo?"

42 Kounye a, sa ta ka etone kèk nan nou, pou yon nonm poze yon kesyon konsa. Men rete tann jis yon minit, sonje pitit gason Jesse yo ki t ap chèche milèt yo? "Alò si m te gen yon kado nan men m, mwen t ap pran l epi montre...mande, bay pwofèt la, e petèt li ta di nou ki kote milèt sa yo te ye." Nou sonje sa?

43 E pandan yo t ap mache nan lari a, yo te rankontre pwofèt la. Li te di: "N ap chèche milèt yo." Li di: "Men li, retounen lakay nou," li di: "yo te deja retounen." Èske se vre?

44 Mwen te priye. Fred te ale la epi li te ranmase kle yo. Se sa. Ou wè?

45 Frè Ed Daulton, ki kote w ye? Kote Ed Daulton? Mwen konnen li isit la yon kote, mwen te wè I toutalè a. O, dèyè a...men li. Li te tande m nan entèrfòn lan oswa sistèm avètisman piblik la. Lòt swa a yon apèl te antre epi Frè Ed te nan gwo pwoblèm. Mwen te vle ede l. "Non," li te di: "Mwen jis vle ou mande Bondye." Mwen te mande Seyè a pou ede l. Epi nan demen madanm li rele, yon moun vin pote sekou. Dakò. Se kòrèk, frè Ed?

46 Ou wè, Li jis se Bondye. Se tou, Li jis se Bondye. Ou wè, Li jis...se jis tout tan tout tan soti nan yon plas al nan yon lòt, nan yon plas al nan yon lòt. Kèlkeswa pwoblèm li ye a, Li se Bondye. Nou pa ale toupatou, fè djòlè sou bagay sa yo, nou pa sipoze. Jis pa kite men dwat la oswa men göch la konnen ki sa men dwat la ap fè. Nou pale de sa nan mitan nou men nou pa fè gwo bwi ak sa yon kote. Paske sa se pwòp lògèy, tankou, "Bondye sèlman te kapab fè li pou yon sèl moun." Li ta fè l pou nenpòt moun ki pral—ki pral kwè L. Se kwayans, lafwa! Kèlkeswa sa—kèlkeswa sa w vle fè, kèlkeswa sa w panse, mennen l bay Bondye. Li—Li—Li—Li bay tout bagay. Se pa vre? Alò Li reponn lapriyè. Li se yon...Bondye se yon Papa ki reponn lapriyè.

47 Kounye a, alò donk nan...Mwen te panse, fèmen dènye reyinyon sa yo e latrìye, jan nou te...jan n ap fè, nou ta—nou ta gen petèt kèk disènman nan dènye reyinyon an, si Seyè a vle, e petèt pandan tan reyinyon an. Nou jis pa konnen ki sa Li pral fè. Mwen renmen li konsa. Pa fikse okenn bagay, jis kite L fè l jan L vle fè a.

48 Kounye a, pran chapit 4 la nan Liv Apokalips la, epi rete revèy la.

49 [Yon nonm mande pou l pale—Editè a.] Wi. Wi, frè. [Frè a kòmanse temwaye. Pati vid sou kasèt la.] Sètènman, mwen kwè sa. Absoliman, mwen kwè sa.

50 Men, Frè Welch Evans, mwen panse ke se li ki chita jis dèyè a la. Kite m...Pandan n ap vire nan Apokalips 4.

51 Isit la sa pa fè lontan, nou tout te tande ak li nan jounal yo konsènan bann sa a nan Louisville ki vòlè machin sa yo, pran yo mennen yo nan Kentucky yon kote, byen vit. E nan Kentucky ou pa menm bezwen gen yon tit pwopriete, y ap fè youn pou ou nan Kentucky. Kifè ou jis...sèl bagay ou gen pou w fè se pou w pran I mennen I laba a epi vann li. Alò yo pral pran machin sa yo epi woule sou anndan epi repentire yo ankò, epi pote machin sa yo soti deyò epi vann yo. Tout sa ou dwe genyen se nimewo adrès ou epi y ap—y ap fè yon tit pwopriete pou ou. Kifè yo jis retire machin lan nan lari a epi yo pote I ale byen vit epi yo kouri mennen I nan kèk atelye yon kote, yo jis chanje tout bagay la nèt, ou wè, epi—epi yo repentire I ak tout lòt bagay, mennen I soti deyò epi vann li. Gen yon rakèt sou sa, epi sitou nan tout Etazini, e yon gwo—gwo pati de sa se nan Kentucky. Mwen li yon atik sou sa nan jounal isit la sa pa fè lontan.

52 Ebyen, gwo, bon kè, presye Frè Evans ak fanmi li, k ap kondwi sou tout wout la soti nan Macon, Georgia, moute isit la chak dimanch pou tande Levanjil la. O, ala fidèl, epi ala de vrè zanmi! Epi I ale laba a nan Kafeterya Miller kote...

53 Mwen p ap fè piblisite pou kafeterya Miller, men mwen sètènman panse ke yo gen pi bon manje nan Kentucky; Louisville, Kentucky, de tout fason. Osi Iwen...Mwen p ap pale de kay prive kote mwen te manje ladann laba a, kounye a, m ap pale pou (ou konnen) deyò. E mwen manje laba a, tou. Mwen ka bay fanmi mwen manje pi bon mache ke mwen ka ba yo manje lakay mwen. Se vre.

54 Kifè alò m ale la, se konsa Frè Evans li antre epi li jwenn yon bagay pou l manje epi li pake machin li deyò a la. Lè li soti (ak tout rad li) ak fanmi li ak tout lòt yo, li pat gen okenn machin oswa anyen. Tout sa te pati. Ebyen, pòv kanmarad, Frè Evans se yon nonm tankou nou tout, li gen yon ti biznis la, li travay sou machin, achte machin ki fè aksidan epi ranje yo. Li se yon nonm pòv, e li depanse lajan I vini isit la paske li kwè nan kalite Levanjil sa a. M ap priye pou Bondye voye yon mesaje ba yo laba yon kote, pou ede yo nan peyi sa a.

55 Kounye a, Frè Evans vini, li pa t konn sa pou l fè. Li te avize lapolis epi yo pa t ka jwenn li. Se konsa li rive lakay mwen, li menm ak frè Fred ak lòt yo, nou mete nou chita nan sal la epi nou t ap pale sou sa. Mwen di: "Kounye a..." Se konsa nou fè, nou mete nou nan sal la, chèche konnen ki sa k te pase, epi n ale kot Bondye. Kifè lè nou te mande Seyè a, "Pou vire nonm sa a ki te gen machin lan, vire I tounen epi mennen I tounen, nenpòt kote li te ye."

56 Anjeneral yo mennen yo alantou Bowling Green oswa yon kote, fè yo soti nan zòn cho bò isit la, ou wè, alò yo te kapab...jiskaske yo repentire yo epi yo ranje yo. Se te yon bèl machin, mwen panse ke se yon station wagon. Èske se te sa, frè Evans? Se te yon—yon station wagon.

57 Kifè, e alò sa ki te pase, nou te desann epi priye. Epi Seyè a ban nou temwayaj, tout tout bagay te bon, tout bagay te byen. Konsa alò pwisans Seyè a te antre avèk nou. Frè Evans soti epi li kòmanse met deyò, li santi li dirije yon sèten fason.

58 Li tounen isit la nan Jeffersonville. Yo te vòlè machin lan nan Louisville; men machin li chita la ak jis ase gazolin pou pran li...o, soti nan li, yo te pran I desann ase pwòch Bowling Green epi yo retounen. Yo te desann machin lan, yo te rete machin lan, yo kite kle a ladann, yo jis mache ale epi yo kite I mete I la, jis isit la nan Jeffersonville kote li te ka jwenn li; pa Louisville, isit la nan Jeff., pote I tounen sou tout wout la.

59 Ou konnen, Seyè a kapab fè zwazo obeyi Li, Li ka fè moun obeyi L, li ka fè lènmi Li obeyi L. Li...Wi, mesye, Li se Bondye. Men machin li an la pa gen yon sèl bagay ki manke, jis apeprè mwatyé nan yon tank gazolin kote li te prèske rive nan Bowling Green, e Sentespri a dwe te di: "Vire tounen! Tounen dèyè la epi mennen machin sa Jeffersonville. Mete I isit la nan lari a, epi pake I *isit la*, (paske Mwen pral voye I drèt nan viwonn lan *konsa* epi moute *konsa* pou jwenn li). "Èske se vre, Frè Welch? Se sa. Ou wè.

60 Li se Bondye! Li reponn priyè, frè Roy. Li jis...Sa se, Frè Slaughter, se jis menm bagay la, Li te geri ti chyen w lan. E mwen konnen ke Li geri, Li reponn lapriyè, Li toujou fè mirak, Li toujou Bondye, Li te toujou Bondye, L ap toujou Bondye!

Li—Li se Bondye sou do kay la, (Kiyès frè sa ki chante isit la nan legliz la?)

Bondye nan kwizin lan, Bondye deyò a nan fèm lan,

Bondye nan otomobil la, Li se Bondye toupatou,

Li se Bondye tou—tou atravè e atravè, Bondye.

61 O, ala bèl! Nou ta ka konmanse preche apre yon ti tan epi pa janm antre nan lesон sa a.

Dakò, ann bese tèt nou jis yon moman pou lapriyè.

62 Papa nou ki nan Syèl la k ap fè gras, nou tèlman renmen Pawòl Sen W la jiskaske kè nou jis ap boule nan nou, lè nou konnen ke Lespri Ou desann nan mitan nou epi la pale avèk nou, epi kè nou lonje epi kenbe Li. Epi nou jis sanble nou santi nou sitèlman byen avèk Sa, Seyè.

63 Epi pou nou konnen ke nan lè fè nwa sa a kote gen anpil konfizyon...Tankou pwofèt la te di: "Nan dènye jou yo ta va gen yon famin," yon bagay menm jan ak sa, "pa pou pen ak dlo, men pou tande vrè Pawòl Bondye a; epi lèzòm gen pou vwayaje soti nan lès rive nan Iwès, nan nò ak nan sid, pou chèche vrè Pawòl Bondye a." Pawòl! Ki sa Pawòl la ye? Jezi se Pawòl la, "Pawòl la te fè L chè e Li te rete nan mitan nou." Pou wè vrè manifestasyon Pawòl Bondye a te parèt aklè dapre Lèzekriti e Li te reyalize, e ke, kijan moun yo va gen pou vwayaje epi chèche e yo pap jwenn Li. O Bondye, nou sitèlman kontan, sitèlman kontan ke nou te jwenn Li plizyè lane de sa, presye nan kè nou, e nou wè ke nou pa yon ti kras nan konfizyon.

64 Oh Bondye, Ou te di," Sila yo ki konn Bondye yo a pral fè mèvey nan jou sa a." Epi men nou nan dènye jou sa yo, ap wè ke tout sa ke Jezi te di ki ta pral rive yo, ap manifeste la menm nan mitan nou. Siy yo menm, mèvey yo, mirak ki reyalize yo, ap fè Ijis fason L te fè I la. Jan I ke L te di I la, "Tankou I te ye nan jou Sodom nan, se konsa sa pral ye nan retou Fis de Lom lan."

65 Epi, Seyè, Ou kite nou, pa Sentespri ou, tann men nou nan mond sa a e resevwa vrè bagay sa yo epi lye yo nan kalvè a, pa Pawol la, epi reyalize ke nan li nou gen plenitid la. E richès yo, benediksyon yo e laglwa ale a Limenm ki diy, ki te vin pran Liv la nan men dwat sila ki te chita sou twon lan, epi te Limenm chita sou li, paske I te sakrifye anvan fondasyon mond lan.

66 Nou pale de li maten an, Papa. Nou priye w ke w va beni kè nou. Ke Lespri I bouje nan mitan nou e beni nou, epi anrichi eksperyans nou yo, e geri maladi ki nan mitan nou, e bannou gras poun ka simonte.

67 E, Bondye, Alòs ke M pral la ba a nan chan pou fè fas ak lenmi an, pèmèt mwen reyalize ke m byen pwoteje chak lè ak lapriyè. O, konbyen m depann de ganizon sa a, enmi an ap apwoche, men M konnen ke ganison ap reziste paske manman yo ak papa yo, pitit gason yo ak pitit fi yo, kretyen yo, ne de nouvo ak eksperyans yo, sila ki lye ak syèl la sou genou yo ap priye, "O Bondye, bay delivrans!" Epi Papa, nou priye w pou ke w ka kite nou ale sou liy enmi yo la ba a e genyen chak presye nanm kap ret tann. Fè I, Seyè, epi fè yo pase de tenèb a limyè. Pou sa nou priye w nan Jezi. Amèn.

68 Koulye, nan 4yèm chapit liv revelasyon an. Nou te rete nan 3yèm chapit la, e ann on jan respekye e n pral eseeye pa retni nou twò lontan. Men nan 3yèm chapit sa a, Legliz la te monte antan ke yon tip, lè Jan te anlve. Legliz la te monte, e a pati de moman sa a se ak Izrayèl ke lap trete, jouk lap vin ankò. Eske w pa wè kouman I ye? Moun alèkile yo, kouman yo ye, "yon bagay ekstraòdinè pral sekwe mond lan annantye ak tout bagay." Sa se pa eskriptirèl non mesye. Pwochen bagay ki pou fèt se depa Legliz la. Li nan laj legliz yo, ou wè sa...

69 Koulye a, lòt bagay sa yo ki pou rive yo, se pandan tan seremoni maryaj la lè legliz nan Laglwa. Bondye retounen ap fè gwo mirak yo, mirak entènasyonal e bagay sa yo, pou Jwulf yo, pa pou Legliz ditou.

70 Nan 3yèm chapit la laj legliz la tèmine. Se sa. E laj Legliz la te soti ak yon vyek ti minorite ke nou jwenn...Jis tande sa a. M-M li sa a ankò maten an, Li jis te preske dechire m an moso, plas e atitud Kris la nan fen laj Legliz la, nou te jwenn li de vèsè 20 a vèsè 22 Revelasyon 3. Panse a sa Kris, nan fen an, ki kote l ye! Ki kote l ye nan fen laj Legliz la? Andeyò de legliz li, repouse pa denominasyon e credo yo. Kisa atitud Li ye? Ap eseye retounen antre, Se yon kondisyon ki tris!

71 Answuit nou dekouvri isit la a, "apre bagay sa yo," li te tande yon Vwa ki tap pale avè l ki... Oh, kisa l te ye? Lespri te kite tè a. "Apre bagay sa yo," kòmanse nan premye chapit la oswa-oswa premye vèsè a:

*Apre sa M te gade, e men ni, yon pòt te louvri nan syèl la:....*

72 Revelasyon 4: 1, apre legliz la te ale, answuit yon pòt te louvri. Epi nou te pase atravè tout sa epi nou te jwenn ke ke se Kris, ki te Pòt la. E menm Vwa ki t ap mache nan mitan sèt gwo chandelye annò yo se te menm vwa sa a ke l te tande nan syèl la, ki te di: "Monte isit la." Jan te monte. Sa te reprezante Legliz la. ki te pati nan anlèvman an.

73 Jan te monte nan Lespri, yo te mennen l nan syèl la, li antrevwa tou sa Bondye te pwomèt la, e l te di disip li yo: Kisa sa fè si l ta rete jouk mwen tounen? Li te wè vini Seyè a ak sa k gen pou rive. Li te wè sou tè a sak te gen pou rive sou tè a jiska anlèvman Legliz la, epi yo te fè l monte pou montre daplon evenman kap pase anba yo jouk apre milenyòm nan. Oh, èske se pa yon bél bagay?

74 Kounye a, nou te kite l Dimanch pase a nan 4èm chapit epi 4yèm vèsè a. Epi ozalantou twòn lan te gen venkat chèz: e sou chèz yo, m te wè venkat ansyen ki te chita, abiye ak rad blan; epi yo te gen sou tèt yo kouwòn annò.

75 Bon, nou te jwenn ke sila yo se te ansyen. Yon ansyen pat janm aplike a yon zanj oswa nenpòt èt la. Se yon èt imen rachte, ansyen! Paske yo ... fotèy yo, kouwòn yo, ak dominasyon yo sa pat janm te refere a zanj yo. Men, kouwòn yo ak twòn yo, elatriye, gen rapò ak èt imen. Ansyen sa yo te kouwone, abiye epi chita sou twòn yo. Epi nou te jwenn yo nan lòt pati Ekriti yo ki te douz apot yo e te douz patriyach yo. Vennkat ladan yo, ki vle di "vennkat": douz apot, douz patriyach.

76 Epi, nou te jwenn, menm vil la ki desann sot kot Bondye nan syèl la ... Apre tè a te eksplode e depatya an miyèt moso san kite anyen sou tè a sof sann vòlkanik (se tout sa kap rete), pa pral gen lanmè ankò. Lanmè a pral seche.

77 Tankou m tap pale yè swa ak yon moun, oswa ayè, yon kote, tè a yon fwa te kanpe konsa, dwat, otou solèy la, chalè a te menm bagay tout anwo kòm anba. Anwo nan glasye peyi langletè yo, ou ka dinamite senk pye de pwofondè epi jwenn pye palmis. Sa te rive toudenkou, sa te konjle yo tankou frizè kounye a. Tankou dezidratasyon w lan elatriye, epi jele konjele ki gade frèz e bagay yo dè zane e dè zane e dè zane kap vini. Ou wè? Se menm jan an li te ye nan tan sa a. Byen vit gen destriksyon antedilivyen an ki inonde tout tè a. Men lè sa te rive, pouvwa atomik la branle l de òbit li yo, epi li konjele l e depoze l la a. Ou wè? Fouye byen fon epi w ka jwenn yo, anwo otou zòn aktik yo e bagay sa yo, pye palmis elatriye. Sa te montre ke l te yon fwa abite trè byen, byen prepare. Men koulye a, li ta souke ankò.

78 Bon, kote m panse ke Bondye te jwenn dlo sa a, lè Jenèz la kòmanse, Jenèz 1, "tè a te san fòm, li te vid, epi dlo te sou pwofondè a. Lespri Bondye te deplase sou dlo a, el te di, 'Se pou limyè parèt.' "Lè sa a Bondye te separe tè a ak dlo a se sak te bay tè a. Men, tout tè a te kouvri nèt. Ebyen, sa l te fè, Li jis ... atravè atmosfè yo, Li jis ... atmosfè se ... Atmosfè yo plen ak idwojèn e oksijèn, elatriye. Answuit, Li jis soulve l anlè tè a epi separe li. Nan moman sa a, pa t gen lanmè sou tè a. Bondye te wouze tè a, lapli pat menm konn vini. Li te wouze l ak sous dlo e bagay sa yo, irigasyon. Apre sa lè l ... Se sèl bagay li te fè lè sa a ...

79 Lè lòm te fè l soti sou òbit li, soti sou yon bò, kisa k te pase? Li voye l tounen nan la ... chalè anba la a, epi nan fredi a anlè a. Epi chalè mele ak fredi, ki sa ki akimile? Ou ka santi li isit la sou fenèt yo kounye a, li fè cho isit la epi deyò a fè frèt. Ou wè swe a? Epi lapli a pa anyen lòt ke swe, transpirasyon. Epi dlo se sann. Kifè, apre lè li ...

80 M renmen chante sa a: Ou etann men w, Presye Seyè, sou preri yo, Etann mayifik men w yo sou varyete a; Seyè, ou fè sous la koule, fè montay la leve, Oh! Seyè, kenbe men presye w yo sou mwen. Ou te fè nyaj yo, fòme nyaj yo ki te fè lapli a, e lapli a te fè lanmè a, e lanmè pote nyaj yo pou ban nou lavi an abondans; Ou kenbe latè a ak syèl la a dispozisyon w, Seyè, Oh! Tanpri gade men presye w yo sou mwen. (Oh, ala Li gran! Wi, Bondye ki nan syèl la.)

81 Kidonk, nan tan ekstraòdinè sa a, li tounen apiye konsa kounye a, epi li te fè nou yon pwomès, "Pap gen dlo ankò, men dife fwa sa a!" Olye pou voye l ... Yo voye tè a lwen solèy la, sèten, li te vin frèt. Si ou jete l 'nan solèy la, la p boule. Epi menm jan L te detwi l ak dlo epi li mete akansyèl la nan syèl la, Li "pa ta fè l 'ankò," kounye a, Li fè yon pwomès L ap "boule l!" Alòs, men nou rive kote peche ak tout ekla ak tout salte ...

82 E pa gen lontan de sa, m tap roule bisiklèt anba nan preri a. Kòm yon ti gason M te konn panse, pran liv istwa yo ak jewografi yo epi panse ak mayifik plenn lwès yo. "Yon jou," M te di, "Mwen pral viv la byen pezib e tankil kote pa gen okenn peche, epi mwen pral travay la tè, epi m pral lachas tankou Endyen an. Apre sa, M pral - M pral viv la, yon vi nan lapè, tout rès lavi mwen. " Men koulye a, se ... nonm blan an te vin la a. Kote nonm blan an ale, li mennen peche avèk li. Li se pi gwo asesen e mètriye pamì tout moun ki sou tè a, se yon nonm blan. Li se yon rebèl tout koulè!

83 Isit la pa gen lontan nan jounal (Frè Thom isit la, ki soti an Afrik), mwen te wè yon moso nan jounal la de semèn de sa, mwen kwè ke se te, e I te di ... yo te di, "Si yo kontinye pèmèt Ameriken yo ale an afrik, nan dis lane soti kounye a gwo Lyon Afriken an pral konplètman disparèt, elefan yo. " rebel sa yo jis ap tire nenpòt kote yo kapab. Gen yon foto de gwo mal kap eseye soutni yon lòt mal ki blese. Ta sanble dlo ap koule nan je yo. Yo pat vle ... mal yo pat vle femèl la mouri. Epi yo chak tap kenbe l bò kote l, konsa, kenbe l poul pa tonbe sou li ... a tè a. Jis tire yo an miyèt moso. Yon nonm kap tire sou sal jwenn pa merite gen yon zam nan men l. Se vre. Ou pa gen ase bon sans pou manipile l.

84 Koulye a, yon koup lane de sa, M tap eseye mennen yon troupo, antilòp , kot bon zanmi m 'yo, Frè Roy Roberson ak lòt yo la ba a, lè m te gid nan Colorado; M konnen ke nou te gen yon bèl twoupo. Jeff avè m nou te gen yo anwo a dè zane e dè zane, environ katreven tèt antilòp nan twoupo a. Yo te kite kèk biwokrat sa yo ki sot Denver vin la a ak chemiz e pantalon sou yo, ak janm lase. Chasè sa yo. Hmm! Men yo ki vin isit la, yon pakèt, nan djip yo e bagay konsa, yo te retounen sou teritwa nou an la a.

85 Epi, M tap kondwi antilòp sa yo atravè mòn lan pa dèyè ya, anviwon yon kilomèt oswa de, epi yo tap wout ak twoupo a. Ou dwe kenbe yo mens, gwo vye towo bèf ak bagay sa yo; si w pa fè sa, w ap kraze twoupo. Yo jis tankou w tap elve bèf oswa nenpot ki sa l ye a. Bèt sovaj ta dwe menm bagay la tou pou nou. Li pa yon sib. Si w vle tire yon sib yo te gen yon varyete isit la pou tire sou yo. Se sa. Se yon wont pou depese yo e fè bagay konsa. Se peche, se enpi!

86 Apre sa, m te konte san venn-twa kout zam ki te tire, kòm si, yo tap tire apati de zepòl yo. Epi nan demen maten, Frè Banks Wood ki isit la avè m, nou te al sou mòn lan, m te konte diznèf kò bêt plen san. Yo pa t 'konn anyen sou lachas; ou pa ka tire yon gwo bêt fason sa a, ou ta ka frape l fon ase pou touye l. Apre sa, yo jis ap pran plezi yo, "Bang, Bang, Bang," tire youn apre sa yon lòt la. Poukisa, yo pral mouri. Epi sa pral ... Apre fyèv la monte sou yo, si w ta jwenn yo yo pa bon, yo pouri touswit; e votou yo, koyòt ak bagay sa yo, manje yo. Diznèf kò plen san, gwo towo bèf, sabo yo ki anfle toutotou, e san kap jayi a de pye de kote l te gen

twou sa a ak zam yo. Yo pa dwe pèmèt yon rebèl gen gwo yon zam nan men I. Se vre. Li pa gen bon sans pou jere yon zam. Oh, se enòm, se peche pou fè yon bagay konsa.

87 Se degoutan, men sa a se Ameriken an. Kanada, noumenm moun presye ki sot Kanada! Si Amerik la ap kontinye konsa, Kanada ap vin desann pi ba ke Amerik, apre yon ti tan. Fè yon tou ozanviron fwontyè Kanada yo nenpòt kote a, epi wap jwenn atmosfè Ameriken sa a. Amerik sa a se pwostitiye nasyon yo. Se egzakteman sa I ye, epi li pral vin pi mal ke janmen kounye a. L ap avanse nan fen ! Bib la pale de kondanasyon I, li di kijan I pral ye. Amerik: san karaktè, pouri, sal, pa bon. Se egzakteman sa. Li te yon gwo nasyon. Li te pote mesaj levanjil la. Ki sa ki fè I 'jan I ye a? Paske I te refize mesaj levanjil la, li rejte verite yo. Li terib. Sa ap rive sou li, pa enkyete w. Mwen te wè I nan vizyon an kòm ENSI DI SEYÈ A ! Sa ap vini. Li pral peye pou peche I.

88 Nan lè Amerik te Amerik, li te yon gwo nasyon. Pi gran ke mond lan te janm konnen depi pèp Izrayèl la, se te Amerik, men li vrèman polye tèt li kounye a. Li rejte mesaj la. Li te pran anyen lòt ke jis ... Koulye a, li te gen pou limenm ... Ou ka wè ki kote I ye kounye a. Tout moun konn sa, nan eleksyon ki sot pase a montre ki kote pozisyon espirityèl li ye. Uh-huh. Li pa konnen.

89 Kounye a, ansyen sa yo ki chita sou twon la avèk kouwòn yo. Bon, 5yèm vèsè a, nou pral kòmanse: Epi nan twon nan tap soti zèklè yo ... loraj yo ... vwa yo: epi gen sèt lanp ki tap boule devan twon la, ki se sèt Espri Bondye yo.

90 Oh, m renmen sa! Oumenm tou? Oh, m jis santi m kouwè manto m byen tonbe sou mwen', ou konnen. M jis ... lè ... Oh, mwen vle di nan yon manto espirityèl, sèten, ou konnen. Dakò.on lan." Ann pale de Twon sa a kounye a pou kèk minit. Sa a se pa t 'yon Twòn mizerikòd. Twòn Mizerikòd la fini; pa gen mizerikòd ankò, li san Mizerikòd. Ki jan nou prale ... Ki jan fotèy jijman an pral fotèy jijman Kris la, fotèy jijman an, jijman Twòn Blan an? Èske pral gen Mizèrikòd lè sa a? Pa gen yon moun ki pral detire pou yo ba I Mizerikòd. Nan jijman Twòn lan ou ta ka rele "Mizerikòd" jiskaske ou pa t 'kapab rele ankò, epi se, ou jis ta ka osi byen rele an lè a kèk kote, paske pa gen okenn mizerikòd ankò.

91 "Ki sot nan Twon la." Ann pale de Twon sa a kounye a pou kèk minit. Sa a se pa t yon Twòn mizerikòd. Twòn Mizerikòd la fini; pa gen mizerikòd ankò, li san Mizerikòd. Ki jan nou pral ... Ki jan fotèy jijman an pral fotèy jijman Kris la, fotèy jijman an, jijman Twòn Blan an? Èske pral gen Mizèrikòd lè sa a? Pa gen yon moun ki pral detire pou yo bal Mizerikòd. Nan jijman Twòn lan ou ta ka rele "Mizerikòd" jiskaske ou pa t kapab rele ankò, epi se, ou jis ta ka osi byen rele an lè a kèk kote, paske pa gen okenn mizerikòd ankò.

92 Kounye a se jou mizèrikòd la! Koulye a, ann tounen nan Ansyen Testaman an isit la jis yon ti kras epi jwenn ki sa mizerikòd ye. Kontinye pi lwen e gade sa k te pase sou Twòn sa a. Twòn sa a, sèten, se-fotèy jijman an. Epi se... rezon ki fè ke jodi a gen mizerikòd, se paske fotèy mizerikòd la te aspèje ak miserikod e yon ekspsyasyon. San! Epi osi lontan ke san an sou fotèy jijman an alòs, se pa jijman ditou, se mizerikòd, paske yon bagay te mouri e yo rete jijman an. Si w wè I, di "Amèn." [Asanble a di: "Amèn!" - Ed.] Osi lontan san an sou fotèy mizerikòd la, sa montre ke gen yon bagay ki te mouri pou retni jijman an. Men lè Legliz la anlve, fotèy mizerikòd la vin tounen fotèy jijman!

93 La a, ou konnen, nan Nouvo Testaman an isit la, tou, "Epi Tanp lan." Se la a ke jiri a ... nan Tanp lan, jij la sou fotèy la nan Tanp lan. Kounye a, fotèy jijman sa a nan tanp lan vin plen ak lafimen. Kisa l te ye? Tankou mòn Sinayi a, jijman! Mizèrikòd te kite twòn Bondye a. Bondye pral jije mond lan san mizerikòd. Konbyen ki konn sa?

94 Se yon sèl bagay Li pral rekonèt nan jou sa a, ki sa li ye? San L. Se sèl bagay ki te apeze yon Bondye ki fache.

95 Adan e Èv te fè jis osi bon yon tabliye ke nenpòt Methodist, Batis, Presbyterian, oswa pentkotist te kab fè, li te kouvri nidite yo. Men, Bondye te ka wè atravè sa, konsa li touye yon bagay, li pran po ki mouri a— po bêt ki mouri a e l te kouvri l'. San an te dwe pran plas li. Sa te rete kòlè I, Li te wè san an epi li te fè bak sou li, paske yon bagay te vèse lavi I. O Bondye!

96 Reflechi sou sa! Sèl bagay ki pral fè Bondye fè back se san an. Epi gen yon sèl san ki pral fè l fè back, e se san pwòp ptit gason l lan. Lè li wè se san pwòp ptit gason l lan, li pral tounen fè back . paske sa a se kado ki se ... Bondye te bay Ptit li a, pou delivre moun ke l te konnen anvan, epi l fè Bondye retounen sou jijman l. Men, lè yo retire san sa a, epi tout sa yo te konnen anvan yo te rele nan kò presye a, Legliz li a te pare e anlve, Apre sa se kòlè Bondye a sou pèp la.

97 Oh, frè, pa janm dezire kanpe la a! Kite m 'kanpe devan yon mitrayèt, kite yo koupe m an miyèt moso, kite yo siye m pouz pa pouz, kite nenpòt bagay rive (tankou sèman an nan chevalye Colon an), kite yo louvri vant mwen epi boule souf ak tout lòt bagay nan mwen, bra m yo ak janm mwen yo koupe, kèlkeswa sa k kapab rive a, men pa janm kite m 'kanpe devan Jijman Twòn Blan sa a devan Bondye.

98 Oh, kite m 'pran ti twòn sa a isit la devan fotèy Kris la e aksepte san l. M pa pote anyen sou bra m yo, Seyè.

Non-pa gen lòt sous ke m konnen,

anyen sof san Jezi a; (Se tout sa m konnen.)

Sa a se tout espwa mwen epi rete,

pa gen anyen sof san Jezi a.

99 Se pa etonan Eddie Perronet ... yo te rejte chante l'yo. Lè l te yon kretyen, yon kretyen fèm, yo pa t'vle achte chante l'yo. Yon jou li te di, "Mwen pral ekri yon, epi yon jou ... ke yo pral aksepte l." (Epi moun yo te vle yon bagay ki pi modèn nan chan reliye yo.) Yon jou, Sentespri a te sezi l, epi li te pran plim lan epi l te ekri:

Tout louwanj pou pouwwa non Jezi a!

Kite zanj yo tonbe atè;

Pote dyadèm wayal la,

epi kouwone l kòm Seyè dè Seyè yo.

Paske sou Kris, Wòch solid la, m kanpe;

Tout lòt teren yo se sab mouvan,

Tout lòt teren yo se sab mouvan.

100 Kit se legliz, kit se zanmi, kit se lenmi, kit se nasyon, kit se richès, kit se povrete, kit se bon, oswa sa l ye a, tout lòt teren yo se sab mouvan! Sa a se sèl bagay la, li pral finalman ale. Men:

... Kris, wòch solid sa a, mwen kanpe;

Tout lòt teren se sab mouvan. (Kenbe sa nan tèt ou)

101 Remake! Ann al nan Levitik 16, epi li nan fon an, tounen byen lwen nan fon Bib la kounye a, nan lwa Levitik yo, epi gade isit la nan Levitik - Levitik 16yèm chapit la. Epi kòman se pa vèsè 18 ak vèsè a 14 nan 16yèm chapit la. Oh, M-mwen renmen pran tan m sou bagay sa yo, fè yo soti. Levitik kat - ... oswa Levitik 16:14.

Apre sa, li pral pran san towo bèf la, epi aroze l'ak dwèt l sou foyèy mizerikòd la (Sou chèz fotèy mizerikòd! Swuiv byen, nou pral antre ladann nan yon ti tan ...) ... bò solèy leve; ...

102 Pa blyie mo sa a "Soley levan"! Ki kote Jezi ap parèt? Lès la, sou yon nwaj laglwa. Ki kote solèy la leve? Ès. Kote F-i-s la pral leve? Ès. Ki kote fotèy mizèrikòd la te enstale? Nan direksyon lès la. Poukisa m fè nou tout chita konsa nan direksyon lès? Poukisa? Lotèl la sou bò solèy leve. Nou pral wè I apre you ti moman, ala sa bèl, m pral trase I la a. M te mande tout sa m te kapab pou pote papye elatriye, pou jwenn kat sa yo nan kèk minit. Oke:

... aroze I ... kote lès la; epi devan fotèy mizèrikòd la, li pral aroze ... san an avèk dwèt li sèt fwa.

103 Oh, eske sa pa bèl? "Sèt fwa nan direksyon lès la." Kisa I ye? Sèt laj legliz yo pral kouvrir ak san an. Alelouya! San Jezikri a jis osi sifizan pou li, yè, jodi a, ak pou tout tan, e pou tout laj, pou sove tout pechè, geri tout moun ki malad, fè chak mirak, fè siy akonpli. "Sèt fwa," byen anvan nan Ansyen Testaman an, katòz san katrevendis lane anvan Kris vini. Reflechi sou li! Senbòl, "sèt fwa va ..."

Lè sa a, li pral touye kabrit la ... ofrann pou peche a, ki se pou pèp la, epi pote san I 'ak ... nan vwal la, pou fè ak san sa tankou I te fè ak san an towo bèf la, ... aroze I sou fotèy mizerikòd la, epi devan fotèy mizerikòd la:

Epi I ap fè yon ekspsyasyon pou kote ki sen an, akoz ... a ... de salte pitit Izrayèl yo, akoz de fot yo te fè nan tout peche yo: epi se konsa I pral fè pou Tanp asanble a, ki te rete pami moun ki nan mitan- salte yo.

104 Kisa I te ye? "Fotèy mizerikòd la ." Ki kote yo ye kounye a? E la a anndan lach lach se te ki sa? La lwa. Epi lalwa la, pou vyole yon sèl kòmandman se te lanmò san mizeriòd. Men lè w konsa ou ka gen pitye, san an te dwe depoze sou lotèl la. Yo aroze fotèy mizerikòd la. E fotèy Mizerikòd la se lotèl la kote w al ajenou epi mande pou mizerikòd. Mande Bondye padon ke n pa janm retire I nan legliz nou yo, lotèl alansyen kote moun ka mete ajenou epi kriye devan Bondye pou mizerikòd. Epi mizerikòd la rich, epi lap koule pou granmesi soti nan san Seyè Jezi a. Bon, se sa a ki mizerikòd la tou. Sa a se fotèy mizerikòd.

105 Men, ou remake isit la, se pa t fotèy mizerikòd la, paske te gen "zèklè ak loraj ak vwa." Pa gen okenn zèklè ak loraj nan mizerikòd. Sa a se jijman.

106 Ann tounen nan Egzòd, chapit 10 nan Egzòd e vèsè 16 la. Egzòd, chapit 19 nan Egzòd, epi ann kòmanse ak vèsè 16 la:

Epi I te rive ...

Koute sa ... lè Bondye monte sou mòn Sinayi a:

Epi sa te rive nan twazyèm jou a nan maten, ke te gen loraj ... zèklè ... , ak yon nwaj epè sou mòn lan, epi vwa yon twonpèt byen fò; (Kisa vwa twonpèt la ye? Èske se akanj lan.) konsa pou tout moun ... (tande !) ... tout moun ... te nan kan an te tranble.

107 "Jijman!" Fiou! Yo te deplase epi Bondye te ba yo favè pou yo vwayaje, men yo te mande yon lwa. Yo ... Bondye te vle pou yo entèdenominasyon ; yo te vle fè yon denominasyon ak sa, yon bagay pou yo te kab fè diskisyon sou li, olye pou yo jis swiv Bondye epi ap viv anba jiridiksyon l, anba pouvwa l. Gras te founi yo yon pwofèt, gras te bay yo yon ekspyasyon (yon ti mouton), gras te bay tout bagay sa yo, e ankò yo te vle jijman. Yo te vle yon bagay ke yo te kab fè.

108 Bondye te di: "Rasanble yo ansanm, M pral fè yo konnen kisa sa ye. M pral montre yo kisa sa ye." Li !! Koute! E vwa twonpèt la t ap vin deplizanpli fò jiskaske li te ebranle tè a. Ou wè sa jijman ye. M pa bezwen sa. Banm mizèrikòd!

109 /Frè Fred di: "Frè Branham?" --Editè a/ E.../Frè Branham"/ Wi? /"Kisa I te ye dènye Ekriti sa--sa ke w te li a?"/ Se te Egzòd chapit 19 la--la--la epi vèsè 16, Frè Fred. Egzòd 19: 16.

110 Bon, remake vèsè 17 la:

*E Moyiz te fè pèp la soti deyò kan an pou rankontre...Bondye;* (O, la la! M vle rankontre nan lapè, pa konsa.) *e yo te kanpe tout anba montay la* (Byen lwen dèyè.)

111 Sonje, montay sa te gen liy ki te trase toutotou l. Menm si yon bèf te touche montay sa, li te dwe mouri drèt la, li pat kab antre nan Prezans Bondye. E Bondye..."E Moyiz te fè pèp la soti."

112 Bon, vèsè 18 la, pwochen vèsè a:

*Ak mon Sinayi yo te sou li tout ansanm...lafimen, paske Seyè a te desann sou li nan dife:...(Jis ap fè lafimen epi ap brile tankou yon founo.)*

113 Nan kisa Li te desann? Pa nan Glwa Chekina Li, men nan kolè jijman L.

*...e konsa lafimen an te monte tankou lafimen yon founo, e tout montay la t ap sekwe anpil.* (Frè, m pa vle retwouve m la!)

*E kan vwa a twonpèt la te pouse yon son long, ki t ap vin de plizanpli fò, Moyiz te pale,* e Bondye te reponn li ak yon vwa. (Moyiz te pale; pa pèp la, yo t ap tranble amò.)

*E Seyè a--a te desann sou mon Sinayi a, sou tèt montay la: e Seyè a te rele Moyiz monte sou tèt montay la; e Moyiz te monte.*

*E Seyè a te di Moyiz, Desann, avèti pèp la, si yo pa panche bò kot Seyè a pou gade, anpil nan yo ap peri.*

114 /Espas vid sou bann lan--Editè a/ Moun yo chita dèyè nèt nan legliz la pou ap ri yon moun k ap pale an lang, oswa k ap danse an Espri; y ale, yo te blasfème kont Sentespri a, yo te sele pou tout tan! “Nenpòt moun ki di yon mo kont Sentespri a pap janm padonnen ni lan mond sa, ni lan mond k ap vini an.” Pa pale kont Li! Rete Iwen L oswa aksepte L!

115 Li ta mye nou kite Ekriti sa. Kontinye li, rès la, gade kisa Bondye te di. E pèp la te di: “O, Moyiz, pale ou menm. Pa kite Bondye adrese nou ankò! Nou regrèt nou te mande sa.” Ou wè? “Ke w pale avèk nou, Moyiz. Si Bondye pale, nou tout va mouri.” Ou wè, Bondye te founi yon padon.

116 Kounye a, “Vwa nan Twòn lan.” Remake nan Twòn sa, “devan Twòn lan ou te jwenn sèt etwal yo,” Vwa sèt etwal yo. “Vwa yo,” ou wè. Te gen plis nan Apokalips s la, oswa 5 lan, se sa nou te jwenn, “E nan Twòn lan te gen zèklè ki t ap soti, tonè, ak vwa.” Pa yon vwa; “dè vwa,” pliryèl. Kisa sa te ye? Bondye ki t ap pale a legliz, ap reflete Tèt Li atravè sèt Espri yo. Kan vrè wen Bondye a pale, se Vwa Bondye! Rejte L se deplase chandelye a. Ou wè? “Dè Vwa,” Vwa Sèt Aj Legliz yo (nan kwen an la), vwa yo k ap pale ak tonè ak zèklè.

117 Detanzantan, li konsa, “Ebyen, nou pa kwè nan zafè ap pale de ‘lanfè’ sou chè a.” O, gras lamizèrikòd! Se tèlman blèm! Hmm! Nou bezwen dèzòm de Dye, dèzòm ki pap kache anyen!

118 Bon, tout moun paka predikatè, men ou gen yon vwa menm si w paka preche moun yo...Si w se yon predikatè, yo rele w dèyè chè a pou w preche. Si w pa sa, ou se yon predikatè kanmenm, men viv mesaj ou a devan moun yo. Ke mesaj ou a kapab vivan, e se sa Vwa Bondye ki va mennen repwòch pou sa yo ki te rejte L. Yo di: “Pèsonn paka lonje dwèt sou vi nonm oswa fanm sa. Yo dou, ap viv...Yo...Si jamè te gen yon òm de Dye, se nonm oswa fanm sa.” Ou wè, viv prèch ou a. Pa eseye preche yo si yo pa gen apèl pou w predikatè; ou va tou melanje, de tout fason, epi tèt anba, e ou va rann moun yo klopi klopan, e ou pap konnen...Ebyen, ou va--ou va detwi yo ak tout oumenm, tou. Jis viv predikasyon w lan!

119 Predikatè a resevwa apèl pou l preche mesaj li a, e pou l viv li tou. Si w paka viv Li, alò sispann preche L. Men ou sipoze viv predikasyon w yo.

120 Dakò, se sa ki te “vwa yo.” O, konbyen nou bezwen nan Jeffersonville dè milye vwa vivan, tonè Bondye k ap gwonde nan dousè ak sentete, pirete, vi pwòp, k ap mache toupatou sou tè a jodi a, san repwòch. Wi, mesye, vrè Kretyen, k ap fè tonè a gwonde kont lènmi an. Le dyab pa fè ka de jan w ka rele fò; le dyab pa fè ka de otè ou k ap sote oswa kijan w ka fè sesi oswa rele. Men sa ki fè dyab la vrèman mal se lè l wè vi sanktifye, vi sen sa ki konsakre pou Bondye;

di I nenpòt bagay la, ba I tout non, li va jis dous plis li kapab epi ap kontinye. O, la la! Sa voye I lwen, se sa tonè ki ebranle dyab la.

121 Se tankou w ta di: "Ebyen" ou di: "si I te ka preche tankou Billy Graham oswa Oral Roberts, oswa yon lòt moun, yon gran oratè ki gen enflyans, li te ka..." O, non! Pafwa dyab la jis ri sa. Li pa fè atansyon a sa tankou se pat anyen. Ou va gen tout teyoloji--teyoloji ke w te vle ak tout antrenman seminè, dyab la va jis chita pou ri sa. Men lè I wè Vi sa!

122 Gade disip sa yo anba la, timoun manyak jou sa ak epilepsi a, ki t ap di: "Soti nan li, demon! Soti nan li, demon! Soti nan li, demon!"

123 Dyab la te chita la, li te di: "Bon, nou pa wont pou tèt nou? Bon, nou wè kisa n ap fè la? Jezi te di nou, Li te komisyone nou, pou al chase m. Nou youn paka fè l."

124 Men, frè, kan yo te wè L ap vini, Youn ki t ap mache byen trankil. En-en. O, la la! Li pat bezwen di anyen. Demon sa te deja pè drèt la. Li te konnen ke I te dwe pati, se vre, paske Men yon Vi ki t ap vini; pa sèlman yon predikasyon, men yon Vi. Li te di: "Soti nan li." O, la la! Sa te regle! Tou dousman; Li te konn de kisa Li t ap pale, Li te konn kisa L t ap fè.

125 Kounye a, "Vwa yo," vwa sèt twonpèt yo, se te vwa sèt etwal yo, sèt mesaje yo. Men kounye a siveye la:

...e...sèt lanp...devan twòn lan, ki se sèt Espri Bondye.

126 "Sèt lanp." Ann desine sa on tikras la, Twòn lan, lye sen an, kongregasyon an. E jis la ou te jwenn (youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt) sèt etwal, sèt lanp, sèt mesaje, sèt espri; se pa ke tout okonplè vle di ke Bondye nan sèt Espri, men "sèt manifestasyon menm Sentespri a."

127 Ki kote Sentespri a ye? La nan Twòn lan, ap briye nan chak aj legliz. Aj legliz sa a t ap reflete fason sa, vwa Bondye yo, Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou wè, sèt, yo te "vwa." "E sèt lanp k ap boule," sèt Espri, "ki se sèt Espri Bondye."

128 Sonje kèk dimanch pase nou te antre ladan I, gwo dyaman an? Men li te koupe de diferant fason pou reflete dire ak limyè ki soti nan li. Se fason sa, "Jezikri se kòmansman kreyasyon Bondye," Apokalips 1. Èske se vre? Kifè kilè yo te kreye Bondye? Li se kòmansman kreyasyon Bondye. Poutan Bondye Etènèl. Èske se vre? Men kan yo te kreye Bondye...kan yon ti bebe te parèt nan vant yon manman, yon vyèj. E li te kòmanse ap devlope selil sa yo anndan li pou I te pote ti bebe sa, se te kòmansman kreyasyon Bondye a, "Paske Bondye te fè L chè pou abite pami nou, e pou L te vin Emayèl, 'Bondye avèk nou,' kòmansman kreyasyon Bondye a."

129 Kifè nan gwo Bijou sa ki te sot nan pousyè a...poutèt Li te fèt ak pousyè. Èske se vre? Li te konn manje menm jan avè m, Li te konn manje menm jan avè w. Ki se, pousyè kò a, Li te fè L kalsyòm, potasyòm, petwòl, limyè kosmik, men nan Limenm Limyè Etènèl te abite. Se pa etonan wa maj yo te di Etwal la, "Kondwi nou bò kote Limyè pafè a."

130 Yo te jis ap reflete Limye Sila ki Limyè pafè. E Li te la, Limyè pafè Bondye a, kòmansman kreyasyon Bondye. Bon, anndan la ou te jwenn Li...

131 Kijan L te fè kapab reflete Tèt Li ankò bay etwal Li yo sou tè a, apre wa maj yo te fin wè L nan Syèl la, e ke yo te tounen espri k ap sèvi isi a sou tè a? "Li te blese (gwo Dyaman an, te koupe) pou dezobeyisans nou, te brize pou inikite nou, chatiman ki bannou lapè a te tonbe sou Li, ak maleng Li yo nou te geri." Kisa Sa t ap fè la? Li t ap reflete!

132 Tout òm ki pretann li se sèvitè Bondye, ki renye gerizon Divin ak Pwisans Li, pa jwenn limyè I nan Dyaman sa, pa jwenn limyè I nan Twòn sa. Paske Sa ap reflete L ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan atravè sèt etwal yo ak Sèt Aj Legliz yo.

133 O, Louwanj pou Bondye! Mwen kwè ke se apwopriye pou yon minis adore Bondye sou chè a, ak aksyon d gras ak louwanj ak onè ak pwisans. O, ala reyèl, ala sa jis eksite nanm mwen jiskaske m santi m te ka kriye rele, epi kouri ak sote piwo m te kapab, paske gen yon Bagay anndan m ki te chanje m de sa m te ye. Mwen pa sa m ta dwe ye, e mwen pa sa m vle ye, men mwen konnen mwen te chanje de sa mwen te abitye ye. Yon bagay te rive, gen yon bagay ki te pase!

134 E m te kanpe la pou wè Pawòl Etènèl sa ki te okipe I de chak tanpèt! Kan yo te eseye boule Bib la ak tout lòt bagay. Li te kanpe menm jan an, paske Sa te di: "Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl mwen pap pase."

135 Anwo a la, toupre Chicago kounye a, yon--yon Bib te depoze sou chè yon legliz. Byen lontan anvan Premye Gè Mondyal, se te pou yon misyonè e yon zanmi te konvèti, li te vle bay misyonè a Bib li a, li te di: "m paka ba w sila, se manman m ki te ban mwen I." Li te di: "Mwen, lè m rive lakay, m ap voye youn pou ou."

136 Li te kòmanse retounen travèse lanmè e yon soumaren Alman te sote bato a--a. Yo pat janm jwenn menm yon pyès de li. E dezan pi ta, jis anba bò kot la, yo te wè yon bwat ki t ap flote. Genyen ki te panse se te kapab yon bagay ki te koule, kifè yo te pran bwat la pou louvri I, te gen de zanmi ki t ap pase. E ladann, sèl bagay ki te reyisi sove, men Bib sa li te voye I tounen pou misyonè a. Li etann sou yon chè la toupre Chicago jodi a, nan yon legliz Metodis. "Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl mwen pap pase."

137 Pandan tan inondasyon isi a, an 1937, vyep ti legliz sa, lè planche I te an tè elatriye ki te ladan I, nou te ka kouri sou tèt li nan--nan bato. Inondasyon an te monte. E, enben, nwit sa kan m te fin preche Levanjil epi m te kite Bib mwen etann louvri sou chè a pou m t al lakay mwen; apre m te fin predi inondasyon ki ta pral vini an, m te di: "Mwen wè I mezire venn de pye de wo sou Ri Spring anba la."

138 Vye Frè Jim Wiseheart ak lòt yo te ri m. Ou sonje sa, Frè George? M te di...Li--li te di: "O, Billy, an 84 se te apeprè sis pouz yo te mezire sou Ri Spring."

139 Mwen di: "M te wè yon nomm ki te desann sot nan syèl la, e li te pran yon baton pou mezire I la sou Ri Spring, li te di venn de pye."

Li te di: "Ou jis eksite."

M te reponn: "M pa eksite! Se ENSI DI LE SEYÈ!"

140 Mande yo a konbyen pye wotè dlo te kouvri Ri Spring. Venn de pye o--o pouz prè! Egzakteman.

141 E vye Bib sa rete kote yo te itilize I pou preche jou swa sa...Lapli te kòmanse, yon delij te rive elatriye, e vye legliz sa...chèz yo te monte dwat nan plafon an, dlo te anvayi tout kote la ak tout dlo sa ki te fè yo monte. Chè a te monte tou dwat. Yo te redesann; e chak chèz te tounen ankò nan menm plas la, e Bib la te etann retounen nan menm plas la, ak tout dlo sa, e li te rete kanmenm louvri, nan menm chapit la nan menm plas la.

142 "Syèl la ak tè va pase , men Pawòl Mwen pap janm pase."

143 Kijan Bib sa te flote nan dlo sale sa pandan dezan san menm li pat abimen mo ladan L yo! Pawòl Bondye a vre. Amèn.

144 Mwen sonje apre sa, vye Frè Jim Wiseheart te si tèlman satisfè avèk sa, chak fwa li te ka gen doulè nan bra li...Li te gen yon jan de twoub avè I kan I te gen apeprè swasant senk an, li te gen rimatis. Doulè a te konn fè I mal la, li te konn kouri pran Bib la, pou louvri I, depoze I la, yon lòt doulè pi ba la. Yon jou m te vini e li te gen tèlman Bib sou li ke m patka wè Frè Jim, li jis te kouvri ak Bib sou tout kò ! Li te di: "Se pwomès Bondye!" Se tou.

145 "Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen pap janm pase."

146 Sonje ke vye zanmi an te konn abitye vin wè m. E okenn nan moun li yo pa isit la m pa kwè. M te konn abitye ede I on tikras, ou konnen, detanzantan, paske li te aje epi li te bezwen kòb e li te konn vini. Li te di...Yon jou mwen t ap pati al Kanada, m te vire tounen, m te jis pase pòtay la, li te di: "Billy, pitit mwen, youn nan jou sa yo ou va retounen e vye Tonton Jim pap

trennen monte desann sou wout sa la ankò." Se te dènye fwa. Pandan m te Kanada, m te resevwa yon telegram; li te mouri jis deyò a la nan bra Sè Morgan. Li te gen yon kriz kadyak, e yo te kouri lopital avè l, li te gade l e t al fè wout li.

147 Sè Margie, èske li isit la maten an? Abityèlman li konn vini. Nou tout konn sa. Youn nan gwo ka kansè kote nan Lopital Batis laba kote li te mouri pandan disèt è, nan Klinik Medikal laba ki te anrejistre sa, "mouri ak kansè," sa fè disèt lane pase. Li rete nan kay nimewo 412 Knobloch Avni, ap travay kòm enfimyè nan lopital deyò la. O, gras etonan, ala dous son sa ye?

148 Jim Tom Robertson, yon avoka nan Louisville, e nou tout konn Jim Tom. Se sa ki te mennen I kwè Mesaj sa, li te al laba. E papa l se youn nan dirijan ekip sa yo laba nan lopital la. Li te ale pou fè rechèch, pou l te konnen si se te vre ke li te mouri ak kansè, e ke yo te abandone l, voye l lakay li, avèk ide pou yo ke li te deja mouri. Papa l te fè rechèch la, e se te vre. E Jim Tom te di: "Se manti, men li ki chita jis la kounye a, mwen ka prezante w li."

149 O, o, Li--Li se yon Bondye reyèl, se pa vre? Mwen si tèlman kontan ke Li ka fèmen jye sou erè nou yo, e nou menm? Sa fè nou renmen L ak tout kè nou.

150 Twòn, limyè...Se kisa? "Sèt lanp," ou pito lanp, ou pito sèt etwal, ke yo rele "sèt Espri," ki vle di mani...sèt manifestasyon Sentespri a nan Sèt Aj Legliz yo sou sèt syèj mizèrikòd pou moun yo. Men yo: sèt syèj mizèrikòd, sèt syèj, sèt legliz, sèt etwal, sèt manifestasyon, sèt Espri, sèt lanp. O, la la, ala pafè Bondye tèlman pafè! Chak...

151 Sa blayi la nan matematik Bib la; matematik Bib la se bagay ki pi pafè ki egziste sou tè a. Ou paka jwenn yon fay de Jenèz a Apokalips, nan matematik Bib la. Pa gen okenn lòt referans literati ekri ke w paka jwenn erè anvan menm ou fin li twa fraz; men pa nan Bi-...

152 Yo te eseye pandan plis ke desanzan ajoute yon fraz nan Priyè Seyè a, oswa retire yon fraz ladan L. Li pafè! Ou paka ajoute anyen oswa retire anyen ladan L. Yo t ap panse si yo te ka amelyore priyè a on tikras. Yo va eseye antre sesi ladan L, epi antre sela ladan L, oswa retranche sesi ladan L; sa jis paka mache. Ou wè, Li pafè! Tout fason Bondye yo pafè.

153 Konsa nou pa pafè, men Li di: "Ke w vin pafè menm jan Papa w ki nan Syèl la pafè." Kijan nou ka fè sa? Atravè San presye Jezikri a, bliye nou noumenm epi jis viv nan Li. Men ni. Ala Sa presye!

154 Dakò, vèsè 6 la kounye a si nou reyisi antre ladan l. "Sèt lanp."

*E devan twòn lan...te gen yon lanmè klere tankou glas kristal: e nan mitan twòn lan, e toutotou twòn lan, te gen kat èt ranpli ak zye devan kou dèyè. (O, la la! Gade sa a!)...èt*

*ranpli ak zye--ranpli ak zye devan kou dè... (Bon, tann.)... devan twòn lan... te gen yon lanmè klere tankou glas kristal: e nan mitan twòn lan, te gen kat... e toutotou... twòn lan, te gen kat èt ranpli ak zye devan kou dèyè.*

155 Bon, "lanmè klere" a. Nou menm ki pral... Mwen... Sa pa sanble yon gwo senbòl la, men m vle korje sa pandan yon minit. Bon, kounye a nou vle etidye la jis yon tikras. Lanmè klere tankou miwa se senbòl nan ansyen tanp lan, kote Bondye te kòmande Moyiz pou l bati tanp lan sou tè a tankou jan l te wè L nan syèl la. Tout moun konn sa. Dakò.

156 Kite m jis fè yon ti desen la kounye a, pou di, *la* ou te jwenn ach la nan Ansyen Testaman, dakò, pwochen bagay la, sa te rele "Lye trè sen." E pwochen plas la se te otèl la, ke yo te rele "lye sen." Epi jis devan *la* se te "lanmè eren," *la*, se te non l. Nan lòt mo, se te yon plas kote sakrifis la... sakrifis yo te konn lave--te konn lave la anvan yo te aksepte yo... sou otèl la; sou otèl eren an, oswa otèl ki fèt ak eren kwiv la kote sakrifis la te konn brile a.

157 Bon, nou vle obsève sa kounye a kote... kote sa te ye. E, kounye a--kounye a, nan lanmè klere kou miwa sa... ki te devan Twòn ak lye sen an. Jis... Bon sonje, sèt chandelye annò yo ki te plase *la* konsa, e ki te vin nan yon kivèt. Ou wè? Bon, se sila ki reflete limyè a depi lye sen an deyò a a *la*. Kounye a, si w... non, nou pa bezwen note sa sof si w vle, men se... Mwen gen yon lòt bagay la ke pèsonèlman mwen te desine, e ke m te vle fè w wè. Men bon, ou wè, sa te rele lanmè eren an; li pat tèlman gwo, yo te plase l apeprè la nan pozisyon l nan tanp lan. Yo te mete l sou kote apeprè konsa la, se te lanmè eren an, se te yon kivèt ki te fèt ak kwiv kote yo te konn lave sakrifis yo. Anvan yo te boule oswa aksepte sakrifis yo, yo te dwe lave yo.

158 O, èske sa pat ka fè yon predikasyon drèt la kounye a, Doktè. O, la la! Se pa vre--se pa vre sa tap jis... Sa jis frape m, "yo te lave yo." Anvan Bondye te ka aksepte yon sakrifis, li te dwe lave dabò. Kijan? Pa avèk emosyon, men lave ak Pawòl la. Bon, nou ka retounen pou jwenn kote rab Jwif sa... lè m t ap preche sou sèmon sa dlo separasyon, jenis wouj la, dlo yo te gade, pou yo te ka fè dlo separasyon an. E anvan nou te ka janm vin jwenn Bondye ak vrè fwa, nou te dwe dabò pase pa dlo separayon an. Wi, mesye. Ou dwe vini pa kisa? Pawòl la!

159 O, kite m jis wè si m kapab pale jis konsa ou va... tout moun pral sezi l. Kounye a, abiye w ak panse espirityèl ou. Depose bone lagè a pou abiye w ak panse espirityèl ou kounye a, paske men bagay la. "dabò lave anvan ke yo aksepte l sou otèl la," sa te dwe lave dabò ak dlo separasyon.

160 Kounye a, vini avèk mwen rapid vit nan Efezyen 5, jis retni kote nou ye a epi ann retounen dèyè, jis kèk paj an aryè, pou Efezyen chapit 5 epi vèsè 26:

*Pou li ka sanktifye e netwaye I...(Se de Legliz, li ap pale la.)*

161 Ou wè, bon, kite m retounen dèyè on tijan pi lwen ke sa. Retounen apeprè nan vèsè 21 an, pandan w ap chache a:

*Soumèt nou youn anba lòt nan krent pou Bondye.*

162 "Soumèt tèt ou." Kongregasyon, soumèt nou bay pastè nou. Pastè, soumèt ou bay kongregasyon w. Si yon ti clik ta leve, pa gen pati pri, soumèt ou bay tout kongregasyon an. Kongregasyon, si nou kòmanse yon clik, soumèt nou bay pastè nou nan krent Bondye. Ou wè? O, frè! Hmm!

Madanm, soumèt ou bay pwòp mari w, tankou se te Seyè a, (Paske li se seyè w.)

163 Konbyen moun ki konn sa, nou menm famn yo? Se egzakteman vre. Bib la di sa depi nan kòmansman. Se toujou menm fason an.

*Madanm, soumèt ou bay pwòp mari w, tankou se te Seyè a.*

*Paske mari a se chèf fanm lan, menm jan Kris se chèf legliz: e li se sovè kò a.*

164 Se konsa pou mari a. Nou tout konn sa, noumenm moun marye adilt yo, oswa jenn ki ase aje pou konnen fason lavi. Dakò.

...tankou se te Seyè a.

*Paske mari a se chèf fanm lan, menm jan Kris se chèf legliz: e li se sovè kò a.*

Kidonk menm jan legliz soumèt li bay Kris, konsa ke fanm yo soumèt yo bay pwòp mari yo nan tout bagay.

Mari yo, renmen madanm nou, menm jan Kris tou te renmen legliz, epi te bay tèt li pou li; (Pa monte sou li! Si w fè sa, ou pa diy pou w yon mari. Se vre!)

Pou li ka...

Tande, men ni! Sezi l kounye a:

*Pou li ka sanktifye epi netwaye I ak lavaj dlo pa.../Kongregasyon an di, "Pawòl!"--Editè a. Hmm!*

165 Apre sa, chak adoratè ki te janm gen aksè a Sa te dwe fè I ak Pawòl la. Gen twòp ki vin lòt fason. Mwen kwè nan ti istwa ak bagay konsa, gen youn konsènan "yon manman ki te mouri sa fè anpil lane e li t ap ret tann ou nan Syèl," sa kòrèk apre Pawòl la te fin aplike. Anpil moun

vin a lotèl paske yo vle al rankontre manman yo nan Syèl. Se annòd, ou ta dwe fè sa, men se pa pou rezon sa ou vin a lotèl. Ou vin a lotèl pou konfese peche w paske Kris te mouri nan plas ou, pa Pawòl la!

166 Kidonk, tout sakrifis ki pa vini dapre Pawòl la pa aksepte. Èske se vre? (O, frè, m rayi di sa. O, m rayi di sa. Padone m poutèt mwen di I.) Se poutèt sa Ak 19 kanpe nan Bib la, “Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?”

Yo te reponn, “Nou...pa si pral gen...”

Li te di: “Kidonk, kijan w te batize? Poukisa ou pako rive Isit La?”

167 Yo te vini yon lòt fason akote Pawòl la! Ap di: “O, nou te fè I dapre fòmil lan, nou te batize...Jan.”

Li te reponn: “Sa pap mache. Jan te sèlman batize pou repantans, pa pou remisyon peche.”

168 E kan yo te tande Sa, yo te rebatize. Pa kisa? Pa Pawòl la! “Yo te lave pa dlo Pawòl la.” Pawòl la di: “Lan Non Seyè Jezikri!” Nenpòt sa ki asosye nenpòt lòt bagay la a Sa li fo!

169 Bon, presye frè mwen, m konnen sa a anrejistre tou. Kounye a, pa ennève. Kite m di sa avèk lanmou diven, lè a pwòch kote m paka ret sou silans mwen sou bagay sa yo ankò, nou twò pwòch Vini an. Ou wè? “Doktrin Trinite a li di dyab!” Mwen di ke se Ensi Di Le Seyè! Gade kote I soti. Li soti nan Konsil Nise lè legliz Katolik te vin ap domine. Mo “trinite” a pat menm mansyone nan tout Liv Bib la an antye. E konsènan zafè twa Bondye a, sa soti nan lanfè. Gen yon sèl Bondye. Se egzakteman vre.

170 Bon, ou di alò: “Èske w kwè ke tout moun sa yo ki-ki se trinitè yo pou lanfè?” Non, mesye. Mwen kwè yo se Kretyen. Men lè a pwòch, frè, kote yo sinsèman nan erè.

171 Nempòt moun, nenpòt ki kote, nenpòt lè a, ki ta vle pale sou sijè a, vin kote m; nenpòt minis lan, evèk,achevèk, kèlkeswa sa w te ka ye a. E sa anrejistre, pou al toupatou nan mond lan. M ap mande ak lanmou fratènèl, nenpòt moun ki tande m sou anrejistreman bann sa toupatou nan mond lan, ka vin kote m pou montre m yon tèks nan Lèzekrit oswa yon paragrap nan istwa (sa vle di istwa otantik) ki kote okenn moun te janm batize lan non “Pè, Fis, e Sentespri” jouk yo te òganize yo avèk legliz Katolik, m va chanje doktrin. Tout moun te batize lan Non Jezikri! E presye frè mwen, zye w avèg parapò a bagay sa yo. Priye pou Bondye ba w Limyè!

172 Bon, si w gen Ekriti pou soutni I, m ap tann ou oswa m ap tann apèl ou. Ou...ou...Apre anrejistreman sa, w ap mache eksprè nan inyorans espirityèl si w pa vin ban m defi sou sa. Si w vle konnen kisa k Limyè e kisa k tenèb, mande Bondye. Sonje, mwen di ENSI DI LE SEYÈ! Si w kwè mwen se sèvitè Li...E si sa pat selon Pawòl la, li t ap fo. Alò si li pa selon Pawòl la, se devwa w pou w vin korije m, en-en, gade sa k ap rive. En-en. Se yon erè!

173 M kwè ke dè milye moun ki trinitè e ki kwè nan twa Dye sove, paske yo pa konn okenn diferans. Nou pral rive sou sa pi ba nan mesaj la.

174 Kounye a, piga nou tout rete anrejistreman w lan pou w kite kay la, noumenm frè trinitè yo; koute Sa. Jis chita trunkil kèk minit. Pa respè pou tèt ou. Pa respè pou kongregasyon w. Ou wè? Pa sispann pran anrejistreman yo, jis rete avèk Sa. Fè rechèch sou Li pa Pawòl la pou wè si Se vre. Bib la di: "Pwouve tout bagay."

175 Mwen konnen Sa pa popilè, menm jan pou Jezi, menm jan pou Mesaj la, toujou. Nou renmen m lè te konn vini pou geri malad ak aflije pamí nou yo, nou te panse ke se te ekstraòdinè, grann foul ap remonte legliz. Kounye a, Jezi te fè menm bagay la jiskaske yon jou Li te oblige antre nan Verite a. E lè L te fè sa, swasant dis te menm vire do ba Li. E Li te adrese rès yo, douz yo, pou di: "Èske nou prale noumenm tou?"

E Pyè te deklare pawòl remakab sa yo: "Seyè, kot ki moun nou dwe ale, paske se Pawòl Ou sèlman ki Etènèl?"

176 E sèlman Pawòl Bondye a ki Etènèl! Epi montre m yon kote ke Bondye te janm gen yon moun ki te batize nan non "Pè, Fis, Sentespri."

177 W al nan Matye 28:19, "Pè, Fis, e Sentespri," kote Matye te di: "Kidonk ale, e anseye tout nasyon yo, ap batize yo lan Non Pè, Fis, Sentespri"? Nenpòt kimoun ki panse ke "Pè, Fis, Sentespri" se yon non, sa montre gen yon bagay ki pa mache avèk edikasyon yo. (Bon, pou yon elèv elemantè di sa a evèk k ap tandé Sa a.) Pè pa yon non, Fis pa yon non, e Sentespri pa yon non. Yo se tit ki ale ak Non (Pè, Fis, Sentespri) a, ki se Jezikri.

178 Sonje, se pa akoz de kolè, sa te di avèk lammou e respè diver, avèk lammou ak konsiderasyon pou Kò konplè Kris kote frè trinitè m yo envite m (e patou nan mond lan) pou vin preche nan kongregasyon yo. Men mwen pa janm mansyone sa kan m pamí nou. Mwen vle...Sof si w mande m sa oumenm, e m va pase sou li pou pawas la avèk ou epi pale avèk ou konsènan sa. Men devan kongregasyon w, sa ka brase yo. Se pozisyon w pou w gen Revelasyon an pou anseye twoupo w la, ou se bèje twoupo a. M ap pale a minis yo. Si w pa konprann, vini, ann chita pou rezone ansanm. Bib la di: "Pwouve tout bagay, epi kenbe fèm sa ki bon an."

179 “Lanmè klere tankou glas miwa,” kote yo te konn lave sakrifis la...E nou lave...O, pa blyie sa, n ap retounen sou li apre yon ti tan, “Lave ak dlo Pawòl la.” Alò ou oblige tande Pawòl la anvan w te ka antre la, paske gen yon sèl fason ou kapab apwoche Bondye, se pa lafwa. Èske se vre? “Lafwa vin de sa w ap tande, sa w ap tande nan Pawòl la,” ap lave konsyans nou. Pa pou w rankontre yon nonm, pa pou w rankontre papa, pa pou w rankontre manman, pa pou w rankontre bebe (tout sa se vre, nou va fè sa), men premye bagay nou dwe rive a Li se apwòch pa Bondye a; nou va lave lè nou va tande Pawòl Bondye a.

180 N ap mache pa lafwa. Gras, “se sa Bondye te fè pou ou.” Se vre. Ou kwè Bondye, ou kwè nan Bondye; e menm kote ou regrèt la, ou te deja padone.

181 Pandan m t ap pale a yon frè yè, ki te on jan melanje sou sa, mwen te di: “Gade, frè, si w te di yon bagay pou blese santiman madanm ou, imedyatman ou t ap santi w dezole pou li, ou t ap regrètsa w te fè a, ou te deja repanti nan kè w. Se vre. Men ou te dwe al di I sa. Ou dwe ale pou di, ‘Cheri, mwen--mwen dezole m te di sa.’ Sètalò ou te repanti konplètman.” Bon, se konsa li ye avèk Bondye.

182 Yon nonm ki ta prale pou di: “Mwne blese santiman I, sa pa fè okenn diferans, m pral di I mwen dezole, men an reyalite, mwen pa dezole.” ou se yon ipokrit. Ou wè? Se vre. Bondye pat janm aksepte sa.

183 Ou te dwe dezole konplètman pou peche w yo. Apre sa lè ou konnen ou dezole pou peche w, e apre sa “Repantans ak batize Ian Non Jezikri pou remisyon peche w, ou va resevwa padon, ou va resevwa Sentespri a.” Ou wè, sa jis senp, Bondye te rann li tèlman senp.

184 Men ni...nou remake la nan “lanmè klere,” a sa te sanble ak kristal. Bon, lanmè tankou miwa a se yon senbòl, yon tip tankou lanmè eren an. Sa a se lanmè tankou miwa a, nan Syèl la. Mayiz te wè tankou yon lanmè klere kou miwa ki te fèt avèk sa yo te rele ‘lanmè eren,’ yon otèl an eren, sakrifis eren...otèl eren, pito.

185 Nou konn de kisa eren pale nan Bib la? Jijman. Li te fè yon sèpan eren. Kisa yon sèpan vle di? Senbòl sèpan an te vle di “peche deja jije,” nan jaden Edenn, kan sa te di “Talon w va kraze tèt li; tèt li va blese talon an.”

186 E eren reprezante “Jijman Diven,” otèl eren an, kote sakrifis la te konn boule a; kivèt eren, kote yo te konn lave I ak dlo Pawòl la. Ou wè? Mo-...Eli, nan tan li, te soti e li te gade anlè, pou di: “Syèl la tankou eren.” (Jijman Diven sou yon nasyon ki te rejte.) O, la la! Eren, an eren!

187 Kounye a nou rive nan “kivèt” la. E nou te remake ke kivèt sa te vid e li te klè tankou kristal. Poukisa? Legliz te deja rachte!

188 Bon, kounye a, nou remake on tijan pita, kanmenm, kan sen ki sot nan Tribilasyon yo te monte, nou jwenn ankò sa te plen dife. Èske te konnen...Èske w ta renmen li sa? Ann ale nan Apokalips kounye a, chapit 15, vèsè 2 a, epi li kote nou wè eren ak dife a ankò. Dakò:

*E m te wè yon lòt anj...m te wè yon lòt siy nan syèl la, (Dakò.) ekstraòdinè e mèveye, sèt anj ki te gen...sèt dènye fleyo yo; piske yo te ranpli ak kòlè Bondye.*

Bon "kòlè" Bondye. Siveye:

*E m te wè tankou se te yon lanmè klere melanje ak dife: (Bon, gade.) e sa yo ki te pran viktwa sou bèt la, e sou imaj li, e sou mak la, epi sou nimewo ki ale ak non li a, yo te kanpe sou lanmè klere a, avèk...Ap Bondye.*

*E yo t ap chante kantik Moyiz sèvitè Bondye a,...*

189 O, èske w wè l? "Peryòd Tribilasyon." O! Èske nou prese? /Kongregasyon an reponn, "Non!"--Editè a/ Dakò, tandem, annou remake yon bagay kounye a.

190 Kijan nou vini? Nou dwe vini (Legliz lòt nasyon sa) jwenn Pawòl sa, lanmè klere a, dlo, dlo Pawòl la (Èske se vre?), rekonèt Pawòl la jan Li ekri a. Alò sakrifis la aksepte epi ranpli ak Sentespri a anndan an, ap briye atravè Limyè pou aj sa. Apati de sa...Men Li ki te soti kite lye sen an pou antre la, soti nan etwal la antre la. Ou sezi l?

191 Remake, kounye a, alafen aj sa, Jan, lè l te wè lanmè eren an la, li te "klè tankou kristal." Kisa sa te ye? Pawòl la ki te kite tè a, li te anlve nan Legliz la, e sa te ""klè tankou kristal, se te fini kesyon San an, aj Legliz la te fini.

192 Bon, nan Apokalips 15, rès Semans fanm lan, ki te sen ki te pase pa Tribilasyon yo, ou te jwenn yo (Gade!) kanpe sou lanmè sa. E li te plen ak dife, san, flanm wouj k ap voltije, dife Bonye. Yo te pran viktwa sou bèt la (Wòm), sou nonb li an, sou lèt ki konpoze non l, e sou imaj li (federasyon Legliz yo), e yo te reyisi. E menm si predikasyon Moyiz ak Eli, de pwofèt sa yo ki va parèt pou Izrayèl pou fè soti...gwoup moun sa yo, sen Peryòd Tribilasyon yo, ki te retounen nan tan sa pou yo te ka antre, se te...

193 Ou wè, Legliz te deja anlve la, men sonje Madanm lan sou Twòn lan. Peryòd Tribilasyon an...Yo t ap viv nan wayòm lan, deyò a, pou ap pote tout sa ki vin de wa pa yo ak onè yo ak glwa nan Vil la. Pandan n ap desann nan Apokalips 22, ou va wè sa. Si w ta vle note sa pou kenbe l, le nou va rive ladan l ou va wè kisa n vle di. Nou pa gen tan pou ta jis sezi chak ti bagay epi devlope l kòm sa dwatèt, men nou fè jis souliye gran pwen yo. Kifè, yon jou, petèt, si Seyè a vle, nou va gen anpil tan pou pale sou sa.

194 Kounye a, sen Peryòd Tribilasyon sa yo ki te vini yo, te pase atravè grann tribilasyon. (Legliz pap pase pa Tribilasyon!) Èske wè yo te deja nan Laglwa? Epi men sen ki sot nan Tribilasyon yo, sa ki sanktifye yo ki te gen...paske se fòt mwen avè w ke yo pat janm tande Pawòl la. Si yo te tande L epii rejte L, yo ta pral nan lanfè; yo t ap rejte deyò nan tenèb paske yo te rejte Pawòl la. Men si yo pat janm tande L, Bondye jis, Peryòd Tribilasyon vini pou yo.

195 Bon, remake, jis yon minit. Se sen ki te lave pa menm Pawòl la, paske se menm otèl la, se menm lanmè klere a, ak menm Pawòl la. Apokalips 2:5, Apokalips 15: (ou pito) :2 a :5. Remake, jis yon minit. Bon, nou pat janm prezante yo Pawòl la, yo pral rann nou responsab. Kifè nou pap kapab atenn tout moun; Legliz pap kapab (nan aj sa) ki gen Verite a. Paske yo pral nan Tribilasyon, yo pa Sen sa yo ki te mouri byen lontan nan aj legliz yo, paske li te di "yo te soti nan grann Tribilasyon," e grann Tribilasyon se ankò nan fiti, apre Legliz fin antre Lakay.

196 O, men ni! O, m renmen sa! Tande! Ann al on tijan pi lwen, mwen vle wè kijan de Pawòl yo te tande. Bon, ann rekòmanse nan vèsè 2 chapit 15 lan.

*Apre sa, mwen wè yon bagay ki te tankou yon lanmè fèt an kristal mele ak dife. Mwen wè tou moun ki te genyen nan batay yo t'ap mennen kont bét la,...kont estati l' la,...kont mak li a,...kont moun ki gen yon nimewo ki koresponn ak non l' lan. Yo tout yo te kanpe sou lanmè kristal la, yo te gen nan men yo...gita Bondye te ba yo a.*

197 Kounye a, ou wè, yo pat janm antre anndan, men yo te tande Pawòl la. Yo te tande Pawòl la. Kounye a, koute, wè ki kalite Doktrin yo te tande, wè si sa konpare ak Legliz la kounye a.

E yo t ap chante kantik Moyiz sèvitè Bondye,  
(Sa se, apre Moyiz te fin travèse.) e kantik Ayo a,  
pou ap di, zèv ou yo Gran e Mèveye, Seyè Bondye  
Toupwisan; (Kilès ki Ayo sa?) Seyè Bondye Toupwisan; chemen w yo jis e vrè, ou menm Wa sen yo.

198 Gade sa yo rekonèt Li ye? Pa okenn twazyèm pèsòn nan yon trinite, men "Seyè Bondye Toupwisan, Wa Sen yo!" Tande! Èske nou prè? Vèsè 4 la:

Kimoun ki pa gen krent ou, O Seyè, (Lèt majiskil S-e-y-è, Elohim) pou glorifye...Kilès ki rete ki pap gen krent pou ou, ...pou glorifye non w?...

199 Yo te lave ak menm dlo ki ap lave w kounye a, ap tandé Pawòl la, ak fwa ak pwisans Jezikri ki se Toupwisan an. Se tout Revelasyon nan kòmansman an. Tout bagay la ki ramase nan Revelasyon Kimoun Jezikri ye, “Bondye ki fè L chè pamí nou!”

...Non Gran e mèveye,...Kilès ki pap gen krent...pou onore non w? ou...se paske se ou menm sèl ki sen: tout nasyon yo va vini pou adore w; paske jijman yo manifeste.

200 Nan lòt mo: Nou wè sa sa vle lè w pa aksepte L, Jijman w yo manifeste. Kifè men nou kanpe, nou te lave la, yo te lave nou ak dlo apre nou te sot pase atravè Peryòd Tribilasyon. Nou te pran pozisyon pou Ou e nou te kwè W, e kounye a nou kanpe sou lanmè klere a, epi nou onore ak glorifye w antan qe reflè Sentespri W. E chandèl yo fidèl e jijman Yo jis.

201 O, la la! Nou te ka rete yon semèn sou sa. “Batèm Sentespri,” annou desine yon bagay kounye a la, jis yon minit, mwen gen yon bagay mwen vle desine. Bon, ann...poukisa nou pa jis pran sa jis la kote nou ye a.

202 Bon, si nou remake, men yon gran tablo la. Bon, men Lye trè Sen an. Dakò. Men lye sen an. E men premye a, anvan w vin la, se lanmè--lanmè a.

203 Dakò, remake kounye a. Se kijan nou apwoche Bondye? “Lafwa vini ak sa w ap tandé, sa w ap tandé nan Pawòl Bondye,” sa se Lye trè Sen an k ap reflete sou mesaje laj la.

204 Retounen antre, e sa...Nan tanp Salomon an, li te konn reflete, chandelye sa yo te konn reflete limyè yo nan kivèt eren sa. Kidonk, la, anj aj legliz la t ap reflete nan dlo sa ke Pèsonaj sa a ye anndan la, ap reflete mizèrikòd Li, Pawòl Li, jijman Li, Non Li. Tou sa te reflete anndan la kote yo separe w pandan w ap kwè L. Èske w sezi sa?

205 Remake kijan sa bèl la, nou t ap pale sou sa lòt jou. Siveye isi a, la, “Kidonk yon fwa w fin jistifye, jistifye pa lafwa.” Dakò, dezyèm kote a, apre w te fin lave, “sanktifye.” E, apre sa, “ranpli ak Sentespri.” Jistikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri! Ou wè li? Kisa Mesaj Li a te ye? Jistikasyon pandan w ap tandé, sanktifikasyon se sa w fè; e ki gen rapò ak sa w te fè pou w apresye sa, Bondye te sele w ak Sentespri.

206 Kounye a, ou menm, frè Batis mwen, m vle mande w yon bagay. Ou di: “Kisa de plis Abraham te ka fè ke kwè Bondye? E Bondye te konte sa kòm jistis pou li”

207 Se tout sa li te ka fè, jis la, Li te kwè Bondye. Men pou Bondye te aksepte fwa li, Li te ba l so sikonsizyon an pou sele l, pou pwouve ke Bondye te ak-...aksepte fwa li. Si w ap pratike fwa nan Bondye, epi ou pat janm sele ak Sentespri...Efezyen 4:30, si w vle note l, Efezyen 4:30, “Pa atriste Sentespri Bondye a ke w te sele avè L la!” E ou pa sele toutotan ou pat resevwa Sentespri.

208 Pou konbyen tan li dire? Jouk pwochen revèy la? "Jouk jou redanmsyon nou, jouk Jou redanmsyon an menm." Pa gen mwayer pou eskive Sa. Ou paka eskive L paske Li pap elwaye L de ou. Ou wè? "Paske ou te sele jouk Jou redanmsyon w." "Pa gen anyen nan fit, anyen nan preznan, peril, grangou, swaf, lanmò, oswa anyen, pakab separe nou ak lanmou Bondye ki nan Kris." Pòl te di: "Mwen konvenki de sa tout bon!" Men ni! Men ni, ou te sele jouk Jou redanmsyon w.

209 Remake, sa pral voye nou a dènye--dènye dimanch lan ankò. Èske m gen tan? Mwen jis...Obsève, siveye sa, espri a...espri, nanm, ak kò. Dakò, kò, nanm, espri.

210 Bon, kite m efase sa pou fikse yon bagay la pou nou. Bon, m pral desine yon bagay la, mwen pat gen chans pou m te desine I dimanch pase kidonk mwen te desine ak pwòp menm sou you bout papye jòn. M vle reprann li konsa ou ka make I epi wè kisa m vle di, kounye a, nou menm avèk kreyon nou yo. Bon, sa se kò a; e sa se nanm lan; e sa se (lèt majiskil E-s-p-r-i) Espri, Sentespri a. Dakò. Kounye a, se ak sa ke nou fèt.

211 Si w remake bò isit la, lye sen, Lye trè sen; isi a otèl la, lye sen an; e isi a lanmè--lanmè, se kote w tande Pawòl la, "Lafwa vin de sa w ap tande, sa w ap tande nan Pawòl la," separasyon, lanmè separasyon, lanmè separasyon. Bon, remake sa a. Kounye a, gen sèlman yon sèl kote pou antre la, e se ou ki dwe vini la dabò. Èske se vre?

212 Bon, m swete ke m te gen espas, m t ap mete la, "vyèj--vyèj yo." Kan se..."Soupe Nòs" la, se yon lòt tou. Ou wè kijan nonm sa te antre la nan Soupe Nòs la, li te antre pa yon lòt fason? Men kote Pòt la te ye. Jezi di: "Mwen se Pòt la." E tab nòs sa te plase la e tout moun te chita toutotou, e men yon nonm ki te monte la san Abi Nòs li sou li. E kan Wa a te antre, Li te di: "Kijan w te fè pou w la, zanmi m? Kijan w te fè janm antre la?" Sa montr eke li pat antre pa Pòt sa. Li te antre pa yon fenèt oubyen pa dèyè, oswa atravè kèk credo ou denominasyon. Li pat vini pa Pòt la!

213 Paske an oryan yo toujou gen menm bagay la, epou ki pral marye a, se li ki bay envitasyon yo epi founi abi pou tout moun li te envite yo.

214 O, se pa tikras akselere kè m pap akselere tounen lè m ap panse a sa! "Pèsonn paka vin a Mwenmenm si Papa M pa ba l yon envitasyon dabò, e tout sa Papa a te ban Mwen yo va vin jwenn Mwen." Kijan yo te rele nou? Anvan fondasyon mond lan non nou te enskri nan Liv Lavi Ayo a, pou wè Limyè a, pou resevwa Sentespri, pou mache ladan L. Non nou (kan Ayo a te sakrifye) te enskri nan Liv la menm lè Non Ayo a te enskri la. Bib la di, n ap rive ladan I apre yon ti moman, "li te sedwi tout sa k sou tè a sila yo ke non yo pat ekri nan Liv Lavi Ayo a depi fondasyon mond lan."

215 Remake, alò si... epou a limenm, kan l te kanpe nan pòt la. E zanmi an te pote envitasyon, li konn di: "Men ni."

216 "Mèsi." Li te konn pran envitasyon an, te konn depoze l la, mete yon wòb sou li pou yo tout te ka sanble. M renmen sa! Ou wè? Nan pwisans Bondye, nan Legliz Bondye vivan an, rich, pòv, esklav, moun lib, nwa, blan, milat, moun jòn, tout sanble parèy paske yo vlope ak menm Pwisans Sentestpri a. Ou wè?

Bon, sa te montre ke li pat vini pa Pòt la.

217 Kounye a, remake la. O, si yon nomm te ese ye al nan Lye trè sen an (yon moun, yon anseyan Labib di m), si yon mounte kòmanse ap antre nan Lye trè sen sa san pase pa sa, li te mouri. Pitit Arawon te pran dife etranje yon jou, kèk dife denominasyon (alòske Se pat dife denominasyon), yo te mouri nan pòt la. Èske se vre? Ou pito se te pitit Heli yo, mwen kwè. Pitit Heli yo te antre avèk yo, kòm reprezantan pitit Arawon ki te prêt la.

218 Bon, kounye a, gen yon sèl fason pou antre nan kò, a. Kijan kò sa te kontwole? Bon, obsèvre vrèman pwòch kounye a e genyen kreyon w prepare. Men pòtay sou kote sa ki mennen nan kò a: en, de, twa, kat, senk. Bon, ou gen sa desine la? Bon, premye pòtay la bò isi a se : wè, santi, tandem, goute, ak touche oswa sansasyon (nenpòt sa l dwe ye a, sa pa gen enpòtans). Bon, sa yo se sans nan kò a. Èske se vre? Konbyen moun ki konn sa? Sis sans pou kontwole kò a. Bon, nou gen yon nanm apre ou fin pase atravè sa a. Sans yo a lekteryè, se sistèm eksteryè a.

219 Bon, anndan la genyen youn, de, twa, kat, senk, senk atribi lan nanm lan. Bon, ou vle ekri yo? Premye a se imajinasyon, imajinasyon. Dezyèm lan se konsyans. E twazyèm lan se memwa. e katryèm lan se rezonman, e senkyèm lan se afeksyon.

220 Bon, èske nou te pran yo tout? Si non, fè m konnen kounye a. Nou gen yo tout la? Ou wè, goute, sansasyon, santi, tandem; kò a, sa se vwa aksè a kò a.

221 Pou nanm lan se imajinasyon, konsyans, memwa, rezon, e afeksyon, yo se sans ou pito atribi, tankou sans pou nanm. E nanm lan se nati espri a ke w jwenn a lenteryè, paske nanm lan sèlman degaje atmosfè sa ki anndan w. Li ranplase sanktifikasyon, se sa nanm lan ye, li plase lan menm kategori la. Dakò, bon, chak...chak moun pran tout sa jiska anba? Dakò.

222 Bon, pou pòtay sa genyen sèlman youn yon vwa aksè, ki rele "lib chwa." Se ou k patwon sa k ap fèt la. E kisa l la pou l fè? Kisa sa ye? Kò a dwe lave, kivèt la; sanktifye, la; ranpli ak Sentespri, la, epi sa vin syèj jijman an ankò, kote Bondye chita nan kè w, e si w fè yon bagay mal, ou di, "O, la la! mwen mal aji."

223 Gen moun ki di: "Sa pa kondane m pou m--pou mk koupe cheve m," nan ka fanm yo. "Sa pa kondane m pou mete maniki oswa makiyaj, oswa pe enpòt sa l ye a. Sa pa kondane m pou al danse. Sa pa kondane m pou m bay yon ti manti inosan. Sa pa kondane m pou jwe kat nan fèt m òganize yo." Ou konn poukisa? Ou pa gen anyen pou w kondane. "Sa pa blese konsyans mwen." Ou pa ret okenn konsyans menm jan yon koulèv pa gen anch. Kifè ou jis...Ou pa gen okenn konsyans, pa gen anyen la pou blese w. Ou fè pati de mond lan!

224 Men mwen lanse w yon defi pou w kite Jezikri antre la epi eseye fè sa yon fwa! Frè, ou va tèlman kondane ke w va retounen pou sekwe tèt ou soti nan bagay sa mwen sèten tankou m kanpe la, paske Li sen. Koute, m ap site Lèzekriti: "Si w renmen bagay sa yo ki vin de mond lan, bagay nan mond lan, se paske lanmou Bondye pa menm nan ou."

225 Kisa k te fè sa? Lib chwa. Poukisa w kontinye ap rele sa lib chwa, Frè Branham? Paske sa plase yon nonm e yon fanm ankò jis tankou Adan e Èv nan jaden Edenn. Sou kisa? De pyebwa yo! Chwa lib, sila se lanmò. Sa se Lavi, lib chwa. San moral...Lib chwa moral! Bondye te plase premye nonm lan, Adan e Èv, jis la sou baz lib abit. Li plase w menm kote a. E sèl fason ke w ka fikse bagay sa la se avèk pwòp chwa lib ou. Alelouya! Lib chwa ou! Ou dwe vle fè Volonte Bondye. Ou dwe debarase w de pwòp volonte w pou lese Volonte Bondye antre, paske sa se sèl kanal ki mennen nan kè a.

226 O, ou ka fè w manb legliz, oumenm Batis, Prezbiteryen. E ou menm Metodis, Peleren Sentete nou kapab vini pou sanktifikasyon. Men ou dwe gen dezi ke Volonte Bondye fèt, lib chwa, pou w kite Sentespri a antre la, pou L pwodwi. "Siy sa yo va swivsa yo ki kwè. Lan Non Mwen yo va chase demon. Yo va pale an lang. Y va poze men yo sou malad oswa bwè bagay mòtèl, elatriye. Siy sa yo va swiv sa yo ki va kite volonte yo vin Volonte pa M, e zèv Mwen fè yo yo va fè yo tou." M espere w pa manke L. Gen yon volonte pou fè Volonte Bondye. Nou wè sa m vle di?

227 Gadela, an palan de lye sen an, kivèt la. Men limyè yo, chandelye yo (youn, de twa, kat, senk, sis, sèt), yo chak gen yon limyè. Ki kote yo pran limyè yo a? Ki kote Limyè yo te reflete, nan kisa Sa t ap reflete? Li pa t ap reflete sou la nan yon kwen sou kèk denominasyon. Sa t ap reflete ankò la sou Pawòl la! Se dlo separasyon yo. Fyow!

228 "Pou repantans ak remisyon peche" (Lik 24:49) "dwe preche lan Non L bay tout nasyon, a kòmanse pa Jerizalèm." Kijan repantans ak remisyon peche te anseye nan Jerizalèm? Jis kibò? Se pou ale nan tout mond lan. "Repanti w," Pyè te di, nan Ak 2:38, "e batize lan Non Jezikri pou remisyon peche w." Mesaj sa se pou ale nan tout mond lan, e alò lafen va vini. Apre sa lafen va vini, apre Mesaj sa va fin ale nan tout mond lan.

229 Kijan chandelye sa yo la t ap ka reflete limyè bò la sou kèk Metodis, Prezbiteryen, oswa denominasyon Pannkotis? Ebyen, Sèten se non!

230 Sa reflete anndan la kòm le “JE SUIS” pa le “J’étais.” Pa twa oswa kat diferan pèsòn, men Bondye etabli la k ap reflete Pwòp Tèt Li pou chak nan legliz sa yo. Gade dèyè a la pou wè sa yo te fè (nou jis sot fè tou istwa), yo te reflete L jan L te ye a, jan L ye a e jan L ap toujou ye a.

231 “Sila ki te ye...” Menm kote Jan te gen premye apèsi de Li a, li di, “Sila ki Te ye a, ki Ye a, e ki Va Vini an, Bondye Toupwisan an, kreyasyon Bondye a, Alfa, Omega, Kòmansman e Lafen.” Se vrè Limyè ki dwe reflete. Èske w wè L? Amèn! Fyou!

232 Midi pase, e mwen--mwen gen...Koute, ann jis depeche nou pou w kapab kopye I. Mwen jis pa renmen kenbe twò lontan, men mwen pa konn kilè m va wè w ankò. Ou wè? E m vle w sezi sa, zanmi, sa se Lavi. Bon, gade, m pa di sa jis pa plezi. Si m--si m ap reflete jan de...alò m se...ou--ou mal konprann sa k nan kè m, m pap eseeye reflete, “O, se jis...Ou pa anyen.” Se pa sa ke m ap eseeye fè. Si w pat resevwa Limyè a, m ap eseeye pwente w a Youn la. Pa sila isit la sou chè a, Lòt la la sou Twòn sa. E Twòn sa dwe vin nan kè w, alò ou va wè egzakteman menm bagay la pandan ke sa ap reflete isi a.

233 Kisa sa ye ki anwo a la? Sa ap reflete Sila. E sa se Sila, Pawòl la. Te lave ak dlo Pawòl la, pa Pawòl la; ou te lave (atravè dlo separasyon yo) de bagay nan mond lan--mond lan, pa Pawòl la. Pawòl la di Li se menm lan ayè e pou tout tan. Li pa di: “Li se menm lan nan aj Pannkotis la, retounen nan disip yo, e apre sa pwochen aj la Li te chanje.” Non, Li se menm lan! Ou wè? Ou paka fè L di okenn lòt bagay. Nou te ka jis rete sou youn nan bagay sa yo pandan dè zè, men m espere ke w sezi L kounye a. Bondye te rele w, ou va sezi L. Se sa mwen kwè. Dakò, mesye.

234 Kounye a, kisa I ye? Jistifikasyon, sanktifikasyon batèm Sentespri a; namm, kò, lespri; tout se menm. Kounye a, lanp la ap bay reflè Pawòl la. Vrè Pawòl la bay reflè kisa? Kisa lanp sa a t ap, si I t ap pran reflè I la nan Glwa Chekina sa a? Li t ap bay reflè Glwa Chekina. Èske se vre?

235 Si w t antre nan on seminè, limyè w, w ap bay reflè seminè a. Ou te pran I nan on seminè Metodis, w ap bay reflè Metoditis la. Ou bay reflè! Si w te pran I nan on seminè Pannkotis, ou bay reflè Pannkotalis la. Men si w te pran L nan Glwa Bondye a, pa touf bwa k ap boule a...

236 Pouki, lè Moyiz te soti nan Prezans Li, li te dwe met on bagay sou figi I, konsa, pèp la pat ka menm gade I. Èske se vre? Li te ranpli ak pwisans Bondye.

237 Etyèn, on nonm ranpli ak Sentespri a. Ap eseye kanpe I, pouki, se te tankou eseye etenn on kay nan on jou k ap vante, nan on dife; retire dife a ladan I...epi kay la pran dife nan on jou k ap vante. O, plis yo-plis yo te vante sou li, plis sa vin pi mal. Pouki, ou pat ka kanpe I. Dirèkteman, lè yo mete I devan Lakou Sanedren an, Bib la te di: "Li te kanpe la a, te sanble ak yon zanj."

238 Kounye a, m pa panse on "zanj" jis te vle di li te on sèten Èt ki kanpe la a; men, yon zanj konn egzakteman de kisa I ap pale. Se konsa nenpòt zanj ye, on mesaje nan laj Legliz la, pa bezwen tounen pou wè sa seminè a panse. Li konn sa Bondye te di nan Bib Li, e pwisans k ap bay reflè pou pwouve ke L se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li pa pè, I ap di jis egzakteman sa I konnen ki Verite. Epi Bondye kanpe la a menm ap kore L ak menm kalite siy ak bèl mèvèy, epi ak menm Pawòl la. Sa s on zanj!

239 Etyèn te kanpe la a, te di: "M konn de kisa m ap pale." Di: "Noumenm kou rèd ak ensikonsi nan kè ak zòrèy, nou toujou reziste Sentespri a. Tankou papa nou te fè, se konsa nou fè!" Di: "Kiyès nan papa nou ki pat touye pwofèt yo epi apresa bati tonm yo pou yo?"

240 Noumenm denominasyon yo, kiyès nan nou ki pat fè menm bagay la? Ou wè? Bati gwo chato ak miray blan ak mòg ak bagay nan viwonn isi a, epi pale de Bondye! Nou se sila a menm ki mete L nan mòg lan, nou se sila menm ki mete L nan tonm lan. Sa se bagay la menm ki mete L nan tonm lan dèyè la a, se t on gwo chato legliz blan, denominasyon an, Farizyen ak Sadiseyen ki mete L anndan la a epi eseye bati on moniman pou Li.

241 Kite m di nou ke Kris s on Èt vivan. Li pa on bagay ki mouri, Li s On Bagay ki "te leve sot nan mò yo epi vivan pou tout tan." O, Frè! Sèten! Kisa I fè? Li bay reflè kisa? L ap bay reflè sot isi a, kisa I ta ye? Li t ap bay re...Kisa ki vrè reflè L la? Alò premye bagay li t ap bay reflè pou li, se t ap Non Li. Se vre? Se t ap bay reflè Non Li. Pwochen bagay ki bay reflè, se t ap pwisans Li. Ou wè sa m vle di a? Li t ap bay reflè tout bagay ke L ye.

242 Kidonk si sa ap bay reflè bay laj sa *isi a*, tout sa L te ye, alò Li se menm lan! Wouw, glwa! Glwa! Kisa I ye? L ap bay reflè L jan L te ye a, jan L ye, jan L ap toujou ye, paske li soti dwat nan Twòn Bonyde a; Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; menm Bondye, menm Pwisans, menm Glwa, menm tout bagay. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. O, frè!

243 Ann rive jis on tikal pi lwen. Kounye a, ann pran rès nan vèsè 6 sa a isi a la, nan chapit 4 la, M gen kèk kòmantè ki ekri isi a sou sa, e m vle prese epi rive si m kapab. Kounye a, rès la-la, apre w kite chap-...apre w kite vèsè sa a, li jis senpleman jis vire, ap di sa yo te fè. Ann wè si nou ka rive la a.

*...glas...lanmè an glas... (Kounye a, nou konn sa sa te ye.) nan mitan fòtèy la,...kat Kreyati vivan, bêt yo...*

244 Bon, kounye a, konbyen moun ki g on vèsyon revize Bib la? Nan vèsyon revize nou an, li di: "Kreyati vivan." Ebyen, m te mande tèt mwen kijan ke Wa James sa a isi a te di vivan...se te kat "bèt" yo? Ebyen, m t achte on diksyonè Grèk-Grèk pou tèt mwen, epi m tounen nan diksyonè Bib la epi m dekouvrí kisa sa te vle di. Kounye a, men sa l ye. Kounye a, remake byen. Mo a te tradwi isi a, kounye a make l, konsa n ka gade l, tou, pou n sèten. Ou wè, m vle nou make sa m di a, epi...si n kapab e si n vle. Trè byen, vèsyon revize a di: "Kreyati vivan," nan li. Kounye a, gade:

*E...te gen...kat bêt plen ak anpil je devan kou dèyè.*

245 E li avanse epi eksplike kijan "bèt" yo ye, ke n ap rive ladan l nan on minit. Kounye a, *bèt* la isi a reprezante. Èske n g on maj pou n li nan Bib nou an, sou-sou *bèt* yo? Si n genyen, al nan maj pou li a. M remake Doktè Scofield isi a genyen l make nan pa l la. *Bèt* yo vle di, li genyen isi a la a, di: "Kreyati vivan." O la la! Kounye a, gade. Mo Grèk la la a se: "Z, de o, m"...oswa: "Z, de o, n" li ye, "Z, de o, n." Kounye a, nan-nan Grèk la, li rele Zoon ki vle di "on Kreyati."

246 Bon, se pa konsa...si w vle li l kounye a. Nou pa gen tan. M ta pral li l, men m pa fè l. Ekri Apokalips 11, 13, ak 17. Bon, men kote *bèt* ye, chapit nan Apokalips 11, 13, ak 17, li rele *bèt* yo menm fason an; men *bèt* yo la a, entèpretasyon se "t-h-e-r-i-o-n," therion. Mo a, mo Grèk *therion*, ki vle di "on bèt sovaj, ki pa donte." *Therion*, sa vle di "on bèt sovaj, ki pa donte."

247 Men Zoon vle di "on Kreyati," ou wè, "Kat (Zoon) Kreyati vivan." Pa *bèt* "sovaj" yo, *therion*; men, "Zoon, Kreyati vivan."

248 E *therion* se "sovaj, sovaj yo ki pa donte." Nan lòt mo, si w ap gade chapit 11 lan: "bèt Wòm lan." Chapit 13 lan: "Etazini yo." Chapit 17 la: "toude ni Etazini ni Wòm," de legliz denominasyonèl yo ki vin djanm ak Katolisis ki fè de yo on enkonvèti, pa donte pa Levanjil la. Wouw! Pa donte!

249 "Ke Bondye beni, nou soti nan gwo legliz Metodis la, Batis la, Presbiteryen an, denominasyon Pannkotis la. Nou konn sa n ap pale a! Pèsòn pa kondwi...ap di nou!" Men nou. Pa donte! Pa konvèti! San afeksyon natirèl! Mòde an trèt! Fo akizatè! Pa kontwole tèt yo! Epi ki meprize sila yo ki bon! Gen fòm...

250 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.]...al nan sa a kounye a. E m ta jis renmen chire bagay sa a an myèt moso touswit, men mwen...konsa l ta pral sou kasèt sa a, tout jan. Men nou pa

gen tan pou n fè I. Kounye a, nou konprann. Konbyen moun ki konprann? Di “Amèn!” [Asanble di: “Amèn!”—Editè a.] Ou wè, sa yo se...

251 Kisa Zoon ye (Z, de o, n)? Kreyati Vivan. Petèt li ta ka pwononse “Zoon,” Z, de o, n. Kijan w t ap pwononse sa: “Zoon”? “Zoon,” m ta di.

252 E *therion* se t-h-e-r-i-o-n, “therion,” ou wè. Kidonk sa vle di “bèt ki pa donte, sovaj, sovaj.” Se sa bèt sa yo...Ou pra pa w...pran diksyonè Grèk ou a epi tounen dwat pou wè si se pa menm mo a. Ou gade anndan la a pou wè I. Pran-pran manyèl Grèk ou, pran liv Diaglott Emphatic ou. Kounye a, chache wè si se pa vre, ke se vre, ke I vle di “yon bèt ki pa donte,” nan Apokalips 11, 13, ak-ak 17.

253 E isi a nan Apokalips 4, li vle di “on Kreyati vivan,” pa on *bèt*, men I rele “bèt” men se pa sa I ye. Menm bagay nan Ezekyèl 1:8, 1 rive :28, li ye. Petèt rive ladan I nan on minit.

Trè byen: “Pa donte, pa konvèti, bèt sovaj.” Pa donte!

254 Men sa yo se “Kreyati vivan.” Kisa yo ye? Yo pa Zanj. M ap di nou kisa, ann li nan Apokalips 5, dwat nan paj la. Apokalips 5, ak vèsè 11:

*Mwen gade ankò, e...tande vwa yon bann zanj (“zanj,” pliryèl) ki te kanpe fè wonn kote fòtèy la te ye a (“Ak” s on konjonksyon.) ansanm ak bèt vivan yo ak...granmoun yo...*

255 Ou wè, “ak,” on konjonksyon. Ou wè? Yo pat Zanj, ni yo pat ansyen, yo te “Kreyati vivan” nan Twòn lan. O, nou pa renmen sa? Kreyati vivan! Yo pat Zanj, paske sa pwouve I isi a menm, ou wè:

*Mwen gade ankò, e...tande vwa yon bann zanj ki te kanpe fè wonn kote fòtèy la te ye a ansanm ak bèt vivan yo ak granmoun yo...*

256 Kounye a gen twa kategori diferan isi a. M swete nou tout gen sistèm sa isi a kounye a. Kounye a, m vle montre nou. Gen twa kategori diferan ladan I, twa espès diferan (Kounye a gade.) nan viwonn Twòn lan.

257 *Men* Twòn lan. Kounye a, premye ki nan Twòn sa a se kat Kreyati vivan yo. Andeyò de sa se vennkat (jis kon sa) ansyen ki chita sou twòn lan, sou twòn pa yo-yo, ti twòn anba. E nan viwonn sa a, se gran envite Zanj yo nan viwonn Twòn lan. Ou wè sa m vle di? Yo chak diferan, youn ak lòt. *Men* Zanj yo; *men* ansyen yo; e *men* Kreyati vivan yo.

258 Ann pa kite sa pandan on minit. Ann jis kenbe I la a on minit: “Kreyati vivan.” Kisa yo ye si yo pat Zanj, yo pa moun ki te rachte? Kisa yo ye? Èske n ta renmen konnen? Men

entèpretasyon m lan. M espere se vre; m kwè se vre. Yo se gadyen Bondye pou Twòn Li. Kounye a, n ap efase sa a jis on tikal. Bon, nou wè, yo-yo pa Zanj ni moun. Yo pa bèt sovaj. Yo se Kreyati, "Kreyati vivan."

259 Kounye a, *men Twòn Bondye a. E sila yo se gadyen L yo.* Ann li jis on tikal nan sa epi dekoutri nan kèk minit. Ou wè, yo se Zanj Bondye oswa gadyen Bondye pou Twòn Li, epi yo... Ann pran...jis-jis on minit ankò, annou retounen nan Ezekyèl. Mwen-m gen bagay sa yo ekri isi a, e m jis rayi pase sou yo, m konnen ke sa a s on...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Ann tounen nan Ezekyèl chapit 1 an, epi ann kòmanse ak vèsè 12 rive 17 la, jis on minit.

*E yo t'ap gade nan tout kat direksyon yo...*

260 Kounye a, nou pral gade nan kèk minit...E nou sonje vèsè 7 sa a isi a, kounye a, gade a kisa yo te sanble bò isi a nan vèsè 7 nan menm chapit Apokalips la, "kat yo."

*E premye bêt la te sanble ak yon lyon...dezyèm bêt lan te sanble ak yon jenn ti towo bèf,...twazyèm bêt lan te gen yon figi...te gen...sanble ak on moun, e kat bêt yo te sanble ak...zèg k'ap vole...katryèm bêt lan..te sanble ak yon zèg k ap vole.*

261 Kounye a, lè Ezekyèl te wè Glwa Bondye a, li te wè menm bagay ke Jan te wè a. Nou sonje dimanch pase kijan nou te pran "Glwa Bondye a," epi n te gen foto kote Li te fè yo pran L avè nou? Nou sonje sa? "Glwa Bondye a," menm bagay Ezekyèl te wè, menm bagay Jan te wè, menm Bondye a ki isi a avè nou jodi a; menm ayè, jodi a, ak pou tout tan; Sila ki Te Ye, Ki La, e Ki Va Vini; antre an pou nanm lan, kò, ak lespri; lanmè eren an (Pawòl la), Sila Ki Sanktifye nanm nou, epi Sila Ki Ranpli ak Sentespri. Menm bagay la, ou wè, jis menm lan!

262 Kounye a, gade sa a. Trè byen:

*...e lespri a...kèlkeswa kote yo t ale;...kounye a...pou y' ale, yo t ale; san yo pa t' bezwen vire kò yo lè yo t ale.*

263 Yo pat ka vire. Si yo ta pral nan direksyon sa a, li ta pral tankou on moun; al nan diresksyon sa a, ta pral tankou yon zèg; al nan direksyon sa a, ta pral tankou yon bèf; al nan diresksyon sa a, yo ta pral tankou on lyon. Yo pat ka retounen dèyè! Yo te dwe ale annavan tout kote yo ta prale, chak nan bèt yo. Kounye a, kisa on bèt vle di nan Bib la? Pwisans. Trè byen, vle di "on pwisans."

264 Kounye a:

E kreyati vivan yo te sanble, e aparans yo ou ta di yon gwo boukan dife ak gwo flanm tankou...pou...aparans flanm bwa chandèl tou limen, ki t'ap ale vini nan mitan kreyati vivan yo. *Dife a te klere anpil, te gen limyè ki t'ap soti ladan I!*.

Sa se Bondye. Limyè te sot nan dife a; pa limyè kosmik, kounye a, Limyè Etènèl.

E kreyati vivan yo menm t'ap kouri epi vire (Ann wè.)...kreyati vivan yo menm t ap kouri epi retounen, e aparans lan tankou zèklè.

*Mwen t'ap gade kreyati vivan yo, mwen wè kat wou k'ap woule atè, yonn bò figi yo chak.*

*Tout wou yo te parèy...yo te klere tankou...wòch...krizolit. Ou ta di yo chak gen yon lòt wou menm gwosè...li te pase an travè ladan yo,*

265 “Kisa senbòl la ye isi a, Frè Branham? Kisa I ye?” Sa vle di ke gadyen sa yo-gadyen sa yo se te lach Bondye...Yo te an vwayaj, ap woule sou wou lè Ezekyèl te wè yo; men lè Jan te wè yo, yo te deja vini nan bon pozisyon yo nan Syèl. Lach Bondye a te sou latè, ap woule sou wou, antan yo te pran I nan on plas mennen I nan on lòt plas, te vle di li te nan vwayaj, yo te pran I mennen I nèt ale nan dezè a epi nèt ale nan tanp lan e latriye; men kounye a yo te resvwa I anwo paske laj Legliz la fini, e yo te resevwa I anwo nan Laglwa. Ou wè? Li pap bouje kounye a, nan Syèl, ak tout Zanj yo epi bagay nan viwonn li. Nou jwenn yo apre pandan y ap retire kouwòn yo epi tonbe sou fas yo epi ap ba Li glwa. Ou wè? Se te gadyen Bondye pou tanp lan, pou lach la.

266 Kounye a, sonje gadyen Bondye pou lach la, oswa fotèy mizèrikòd la. Kounye a, sonje. A konbyen moun, Jan te wè, konbyen moun? Kat. Konbyen moun /i te-te wè? Li te wè kat, tou, kat Kreyati vivan. Kounye a, gade, yo toude te wè menm vizyon an.

267 E kat se chif latè. Èske n te konn sa? Konbyen moun ki konnen kounye a anvan n dwe al ladan I, kat s on chif latè? Sèten! Tankou kat Ebre yo...S on latè...S on chif latè, pou “delivrans, delivrans.” Kounye a, kenbe sa nan lespri nou, “delivrans,” paske m pral frape I, jis on minit, byen di. Ou wè, “Delivrans!” Kounye a, te gen twa timoun Ebre nan gwo fou tou limen an, men katriyèm Lan vini, se t on delivrans. Laza te nan tonm lan pandan twa jou, men lè katryèm lan vini li te delivre. Kat se chif Bondye pou “delivrans,” kidonk sa te montre ke Èt sa yo dwe te yon bagay konsènan latè.

268 M espere nou pa twò grangou kounye a. M espere apeti espirityèl nou on tikal-on tikal pi wo sa natirèl nou an kounyè a. Ou wè? Trè byen.

269 Kounye a, remake: "Yo gen je" (nan Ezekyèl andan isi a) "devan ak nan do ak anndan." Ann jis li sa. Gad isi a, ou wè. Ou wè anndan isi a, m kwè yo te pale tout nan isi a, "bèt yo." kat fas, tankou yon zèg, ak zèl, plen je sou deyò, anndan. Gad isi a:

E kat bèt yo e yo *chak* yo te gen *sis zèl* sou li;...

270 "Epi yo te vole," e latriye: "e te gen je sou deyò, anndan, ak dèyè." Sa te pale de entèlijans yo. Yo te konnen sa k te ye, ki la, e ki va vini; paske yo dwat bò Fotèy la, sitèlman pre jouk yo pat menm imen. (Gadyen tanp...oswa pa gadyen tanp, gadyen tanp lan se sankarannkat mil yo.) Men sa se gadyen fotèy mizèrikòd la, gadyen Twòn lan. Twòn lan dwat anwo a sou kote Bondye, "Kreyati vivan," bagay sou kote Bondye, kanpe la a. Entèlijans yo, yo te konnen sa k te ye, ki la, ki va vini. Yo te gen "je sou deyò," montre ke yo te ka wè, sa k te dwe vini; "je andedan," konn tout bagay kounye a; ak "je nan do," ki te konnen sa k te ye. Ki te ye, ki la, ki va vini, ap bay reflè nan laj legliz yo "Sila ki Te Ye, Ki La, e Ki Va Vini; Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan."

271 Kenbe sa yo kounye a. Nou pral fè bagay sa a pase dwat nan tablo a nan kèk minit. Gade sa. Kounye a, jis on minit.

272 Revele entèlijans yo, epi sa te montre yo te konnen, konnen. Yo te konnen tout lavni an ak prez an ak pase, ak tout sou sa!

273 E pa yo...Yo te san pran souf. Yo pat janm fatige. Yo pat ka anyen ki konekte ak lòm, li fatige. Men yo te san pran souf, yo te chante "Sen, sen, sen! Sen, sen, sen! Sen, sen, sen, Seyè Bondye Toupwisan! Sen, sen, sen!" tout jounen ak tout nwit nan chak laj. "Sen!"

274 Ann tounen dèyè jis on minit. Ann tounen dèyè, m g on Ekriti nan lespri, Ezayi 6, byen rapid. Gade! Ezayi te wè menm bagay la jis egzakteman.

275 Chak vizyon Seyè a... Se sa m di. Si vizyon nou genyen jodi a pa egzakteman vizyon Bib yo, alò nou nan lerè. Si yo bay reflè, oswa, nenpòt revelasyon ki montre Bondye nenpòt bagay esepte sa L te toujou ye, s on move revelasyon. Tout Legliz la bati sou li, Matye 17.

276 Ann wè, Ezayi, chapit 6 la. Jenn pwofèt sa a t ap apiye sou bra bon wa a, epi I t achte pou li tout kalite bél abiman. Epi I t on pwofèt, e I te antann li byen toupatou kote...Men on jou wa a te mouri, kidonk li te dwe-li te dwe degaje I pou tèt pa I. Kidonk li te desann nan tanp lan pou I priye. Paske I kòmanse soti nan mitan kote plas wa a te ye, lè sa a, pou pran on...Bon vye wa t on bon òm sen. Men I te soti epi I te wè kijan moun yo t ap viv, kidonk li te desann nan tanp lan. Kounye a, koute.

*Lanne wa Ozyas la mouri a, mwen wè Seyè a. Li te chita sou yon gwo fotèy byen wo. Ke rad li te plen tout tanp lan.*

277 Glwa! Kisa k “Ke rad Li”? Men l la a: “Zanj, Èt,” Ke rad Li ki te swiv Li. Ke rad la se sa k vin dèyè, ou wè?

*...ke rad li te plen tout tanp lan.*

E serafen yo te kanpe anlè sa. E yo *chak te gen sis zèl*, ak *de zèl li te kouvri figi l*,...ak *de li te kouvri pye l*, e ak *de li te vole*.

*Yo t'ap pale yonn ak lòt byen fò. Yo t'ap di: Sen, sen, sen, Seyè lespri yo: tout latè kouvri ak...laglwa.*

E lè *poto pòt la tranble lè yo t'ap rele konsa*, epi *lafimen te plen tout anndan kay lan.*

278 O la la! O la la! Sa montre vizyon sa yo jis egzakteman menm lan pou chak gress nan moun sa yo. “Sen, sen, sen!” Yo san pran souf, lajounen kou lannwit, “Sen, sen, sen, pou Seyè a!”

279 Ann tounen dèyè jis on minit kounye a, pou n sèten ke n te byen konprann kanmarad sa yo. Premye fwa ke gadyen sa yo te mansyone, se nan Jenèz. Kounye a, sonje, tout bagay ke n preche dwe soti depi nan Jenèz rive Apokalips. Nenpòt lè ke nou vle poze kesyon, vin mande m. Ou wè? Li dwe tout Bib la, pa jis on pati nan li, paske Bondye pa chanje! Sa L te ye nan Jenèz, se sa L te ye jodi a, e se sa L te ye nan mwayennaj la. Li te toujou menm lan! Ou wè? Kounye a, nan Jenèz, lè Cheriben sa yo... Se konsa m vin jwenn yo, m te dwe tounen dèyè pou m chache konnen kisa yo te ye nan kòmansman an.

280 Ann vire nan Jenèz 3:24, jis pou on moman kounye a. Jenèz, chapit 3 a ak vèsè 24 la. Nou renmen Sa? [Asanble di: “Amèn!”—Editè a.] Trè byen. Kounye a, ann kòmanse apeprè nan vèsè 22. Mwen-m jis renmen Sa! Sa s on bagay m jis vle ajoute isi a, jis on ti ekstra, men li ka fè on bon kou byen on jou.

*Apre sa, Seyè a...te di: Koulye a, lòm vin tankou...yonn nan nou...*

281 Kounye a, presye sè emab ak cheri m yo (kite m mete l kon sa), pa panse m ap voye yon reflè sou fidelite a-a ak bijou feminite ki gen gras e ki presye. M ap eseye montre isi a sa on fanm...Tanpri! E a noumenm sou kasèt, noumenm fanm ki pral koute kasèt sa a, m p ap eseye rabese nou, m se sèlman on sèvitè Seyè a pou pot Limyè. Bagay ki pi ba epi pi imoral epi ki pi sal sou latè s on fanm lè l pa bon. E bijou ki pi presye ki genyen pou on nonm, apa de

sali li, se on bon fanm. E m ap pale a sa k ba, imoral, degrade. E m ap montre nou isi a menm pandan nou ladan I, jis m ta ka tou montre nou poukisa ke m...ke Bib la anseye pou fanm yo pa predikatè, pastè, anseyan, oswa nenpòt lot bagay nan legliz la. Kounye a, jis koute sa:

*Apre sa, Seyè a...te di. Koulye a, lòm vin tankou...yonn nan nou, (Kounye a, Li pat janm di fanm lan te vin youn, "lòm te vin youn.")...e konnen sa ki byen ak sa ki mal...(Fanm lan pat konnen; yo te twonpe I. Èske n wè li?)*

282 Kounye a, Pòl te di: "Mwen pa bay on fanm dwa pou anseye oswa pou yo pa gen okenn otorite, men... paske, se Adan ki te kreye anvan epi apre Èv. E se pat Adan yo te twonpe, se fanm lan yo te twonpe." Kidonk li pat vin youn nan Bondye. Li pat konn okenn diferans, yo te twonpe I. Nou konprann li? Si n konprann, di "Amèn." konsa mwen...[Asanble: "Amèn!"—Editè a.]

*...Seyè a...te di. Koulye a, lòm vin tankou...yonn nan nou, pou konnen sa ki byen ak sa ki mal: epi konnen...e Nou p'ap kite I' lonje men I' keyi fwi pyebwa ki bay lavi a pou I' manje I', pou I' pa viv pou tout tan.*

*Se konsa, Seyè a...te mete I deyò nan jaden Edenn lan. Li voye I' al travay tè, menm tè kote yo te pran pou fè I' la.*

*Se konsa, li te mete lòm deyò. Sou bò kote solèy leve nan jaden Edenn lan, li mete kèk zanj Cheriben, ak yon nepe k ap vole...yon nepe ki klere kou dife ke yo t'ap vire nan tout direksyon, (Ou wè kat bèt yo? Gen sèlman kat direksyon ou ka ale, ou wè: lès, nò, Iwès, ak sid. Cheriben sa yo te g on nepe ki klere kou dife nan pòtay jaden an...) pou anpeche moun pwoche bò pyebwa ki bay lavi a.*

283 Paske si lòm te janm kenbe Pyebwa Lavi a, alò I te ka viv pou tout tan.

284 E Cheriben sa yo, ki mansyone an premye, te plase nan pòtay lès nan jaden an, a pral nan kat direksyon yo. M te dwe fè sa on tikal diferan ak sa; m pa ka fè egzakteman selon lòd Bondye ak bagay kon sa, men mwen-m jis...kon sa n ap konnen sa m vle di. *Men* jaden Edenn lan. E sa se pòtay la *isi* a menm, louvri isi a, balanse soti, epi nan pòtay sa a te gen Cheriben yo. Cheriben yo! E, sonje, li pa di "yon Cheriben," li te di "Cheriben yo." Cheriben yo te plase la a pou gade sa? Pyebwa Lavi a. Se sa yo t ap gade, chimen pou al nan Pyebwa Lavi a. Chimen an, Kimoun ki Chimen an? [On frè di: "Jezi."—Editè a.] Ki kote reflè I te bay la soti? *Men* plas ki sen an, *men* Cheriben yo.

285 Kounye a, gade, poze tout sa a. *Men* sen an-sen...sen dè Sen sa a, Sen dè sen yo; sa se plas sen an; e *men* lanmè a; e *men* chandèl ki limen yo, sèt la ki bay reflè Limyè a sot bò

*isi a*, anndan isi a, anndan isi a, anndan isi a, anndan isi a, anndan isi a. Ou wè? Reflè kisa yo bay? Y ap gade e y ap bay reflè chimen pou al nan Pyebwa Lavi a, ak dife Bondye a. Ou wè, li pa ka sot bò *isi a* (Seminè Presbiteryen oswa on seminè Pannkotis), li dwe sot bò *Isi a*, ap bay reflè Limyè a. Trè byen.

286 Nou remake, Cheriben sa yo-sa yo ke Jan te wè isi a dwe te entèrese nan kenbe Pyebwa Lavi a, kidonk yo dwe entèrese nan èt imen yo. Oswa li Jenèz, retounen nan Jenèz ankò: "Yo te kenbe Pyebwa Lavi a, te gade L, chimen Lavi a." Chimen Lavi a! Kijan chimen an ye? Jezi te di: "Mwen se Chimen sa a. Mwen se Pen sa a ki sot nan Bondye sot nan Syèl. Si yon nonm manje Pen sa a, I ap viv pou tout tan." Kounye a g on chimen pou tounen nan Pyebwa Lavi sa. Nou konprann li?

287 Kounye a, nan sa a, m vle montre kounye a epi fè sa sèten: s on lotèl. Bon, sa dwe te yon lotèl nan jaden Endenn lan. M ap di nou poukisa. Èske n sonje toude ni Kayen ni Abèl monte isi a pou adore? Kidonk sa montre ke lotèl Bondye a te deplase epi te enstale isi a nan jaden Edenn lan, epi sèl chimen pou tounen nan Edenn se pa lotèl la. Men ou ankò, ou wè, retounen nan Edenn atravè lotèl la. E yo te dwe kenbe chimen sa la a, gade l, konsa yo pat ka retounen la a jouk lotèl sa a te kouvri ak san.

288 (O Bondye, èske moun yo pa ka wè l?) Ou wè, anyen esepte San an! Te dwe g on eksipiayon, yon fotèy mizèrikòd la a, lotèl jijman sa a dwe vin on fotèy mizèrikòd; e lè lotèl sa a, si San an leve, pral gen dife kòlè Bondye a k ap kanpe nan Jou jijman sa a pou gade Pyebwa sa a ankò. Sèlman on sèl bagay k ap antre nan pòtay sa a pou Edenn ankò, se pral atravè San Jezikri. Nou wè li?

289 Kounye a, remake. Ya, kounye a Kayen...O, *men* Kayen; e *men* Abèl, Abèl. Trè byen. Kounye a, toude ti mesye yo monte al nan pòtay sa a pou adore. Èske se vre? Kidonk li dwe te lotèl Bondye. Èske se vre? E devan lotèl sa a yo te bati yon lòt lotèl, pou ranplase. *Men* vrè lotèl Bondye a, se nan kè lòm. Apresa g on lòt lotèl anba *isi a*, ki te reprezante Sen dè sen an nan plas sen an.

290 O! O! M santi m tankou m ta pale an lang. O la la, Glwa a pou...Èske n pa ka wè Sa a pafè? Jis remake! O, rezon ki fè m te di sa, paske m pa ka jwenn ase mo nan pwòp lang Angle m lan pou eksprime santiman m. Ou wè, on bagay dwe eksprime.

291 Tankou Frè Rowe, on diplomat pou Prezidan...apeprè kat ou senk Prezidan diferan, li te di: "O, Frè Branham, yon jou swa m vin nan reyinyon an." Li di: "M pat konn sa pou m fè," li di: "M te kanpe deyò a la a." Epi l di: "O," di: "M te renmen Seyè a tout vi m." Li di: "M t on" (M panse) "Episkopalyen." Li di: "E m te panse m te konnen Seyè a." Li di: "Epi yon nwit m te vire

gade, m pat konn sa pou m fè.” Di: “Mwen-m pa t ap antre pou anyen, men” di: “M te tande Pawòl la k ap vini. O, Li kòmanse vini.” Li di: “M kòmanse mache monte desann sou deyò tant lan, ap ale vini,” epi di: “direkteman m pat ka tann pou m al nan pòt la, m te ranpe anba I lè apèl a lotèl la te fèt, epi kouri al nan lotèl la epi tonbe atè, di: ‘Seyè, m s on pechè!’” Epi di: “Apresa Li ranpli m ak Sentespri Li.”

292 Epi di: “M ka pale uit lang diferan,” paske I s on diplomat. Ou wè? Li s on...li nan on...li-li s on-on diplomat pou Prezidan an, epi...ale nèt depi Woodrow Wilson desann. Li s on diplomat pou chak nan Prezidan nou, diplomat a letranje, ka pale nenpòt lang etranje. Li te di: “M pratikman konn chak lang ki ekri ke yo konnen nan mond lan.” Men di: “M te sitèlman plen ak laglwa m pat ka sèvi ak okenn nan yo pou louwe Li, kidonk Seyè a ban m youn tou nèf ki sot nan Syèl pou louwe Li avè I.” O! Oo! Men li.

293 “Ap gade pòtay sa a.” Kayen ak Abèl monte isi a pou adore. Kidonk li dwe te yon lotèl ke yo gade. Èske se vre, Cheriben sa yo?

294 On lòt bagay, remake men on lòt prèv. Kayen...Gade Bib la kounye a! M ap fè nou vire ladan I, men li...bay vag, n ap pran I nan Jenèz. Trè byen, gade. Kayen te soti, Kayen te sot nan Prezans Seyè a sot nan pòtay jaden an. Kidonk Prezans Seyè a dwe te nan lotèl la, e lotèl la te nan pòtay la. Glwa! O! Trè byen. Se plas kote Bondye abite, nan lotèl Li. Kounye a, Kayen te soti nan Prezans Seyè a, sot nan plas sa a. Nou vle make I? Jenèz 4:16, si nou vle make I. Kounye a, kounye a, nou te ekri tout sa, pa vre?

295 Kounye a, m g on lòt bagay m vle trase isi a jis on minit. M jis espere okenn nan pwa nou yo pa boule, oswa nenpòt bagay sou pa nou an...Bon, remake...Kite yo boule, se kòrèk, y ap peri tout jan. Ann-ann panse a isi a, sa se- sa se bagay ki-ki reyèl la.

296 Yo te pran Moyiz monte nan Syèl, Moyiz, te pran sot sou tè a monte nan Syèl epi te wè lotèl Bondye a. Èske se vre? M ap eseye pwouve pwen pa m isi a. Nou konn sa m ap eseye fè, pa vre? Trè byen. Li te monte nan Prezans Bondye a. E lè I te desann sot nan Prezans Bondye, li te di, Mo...Bondye te di Moyiz: “Fè tout bagay sou latè selon modèl Syèl la.” Èske se vre? Trè byen.

297 Kounye a, apresa lè I te fè I, lè I te fè Lach Alyans lan, li mete de Cheriben pou gade lach la. Ou wè sa I ye? Se te tanp lan...se te tanp lan, gadyen Twòn la. De Cheriben yo, Li te di: “Fasonnen yo ak eren epi mete zèl yo ap manyen kon sa,” paske se egzakteman sa I te wè nan Syèl.

298 Se egzakteman sa Jan te wè nan Syèl, kat Cheriben sa yo sou kat bò lach Twòn lan nan Syèl. Yo te gadyen lach la. Cheriben yo, gadyen nan fotèy mizèrikòd la.

299 Si nou vle li Ekriti sa a (nou pa gen tan pou n al ladan I), make Egzòd 25:10 rive 22.

300 Bon, yo gade fotèy mizèrikòd la lè Bondye nan Glwa Chekina Li. Kote Glwa Chekina a te ye? Nan fotèy mizèrikòd la. Èske se vre? Yo gade Glwa Chekina sa a. Hmm! Fiouw! Koute, zanmi! Apresa I al montre ke chak kannay pa ka vin la a epi pran Sa a. Ou dwe pare anvan pou w vin nan Prezans Li.

301 Gade Arawon, nan tip. Anvan...Kounye a, sonje, asanble an nan epòk sa a pat ka menm pwoche I nan okenn fason. Men lè Arawon t antre... Konbyen fwa I te dwe antre anndan L? Yon fwa pa ane. Kijan I te dwe...? Li te dwe g on sèten abiman, ki te fèt ak sèten men, on kalite abiman patikilye. Li te dwe abiye nan on sèten fason. Li te g on grenad ak on klòch, ke chak fwa li te mache li te jwe "Sen, sen, sen, pou Seyè a." Li t ap pwoche fotèy mizèrikòd la, ak san an.

302 E I te dwe wenn ak on sèten lwil, pafime ak on sèten pafen ki fèt ak woz Sawon. E Jezi se te Woz Sawon sa a. E, remake, on woz s on bèl bagay, li gen pafen landan I. Men anvan pafen an ka soti, woz la dwe kraze, epi apre yo prije pafen an sot nan woz la. Jezi, nan vi L, te pi bèl lavi ki te janm viv; men Li pat ka rete fason sa a, paske Li te dwe wenn Legliz Li (pou pwoche Sentete Li), kidonk lavi L te prije soti. E menm Sentespri a ki te sou Li mete sou Legliz la, e L fè L menm lan ayè, ak jodi a, ak pou tout tan, Woz Sawon an, pafen L lan. Moun k ap pwoche nan Sen dè sen an te dwe wenn ak menm Sentespri a. E antan I mache: "Sen, sen, sen, pou..." (Pa ak on siga nan bouch li.) "Sen!" (Pa ak kole I vire tounen.) "Sen, sen, sen," abiye nan sentete Jezikri a. Hmm! Ala W mèveye! O!

303 Kounye a, "fotèy mizèrikòd la." Bon, fotèy mizèrikòd la nan kè a, fotèy kote klere ki soti nan Glwa Li-Li nan tout pitit Li yo, Glwa Chekina a nan kè imen an. Men kè imen an. Èske se vre? Èske se fotèy mizèrikòd lan? Kijan w vin ladan I, nan Sa a, atravè diferan sistèm sa yo? Atravè pwòp volonte, pwòp volonte. Vin anndan *isi* a, ak atravè *la* a, soti nan *sa* a? Glwa Chekina. Kisa-kisa Gwa Chekina a ye? Se Prezans Bondye. E lè on nonm ap mache, oswa on fanm, I ap bay reflè Glwa Chekina a. Li pa al nan twou pou jwe aza epi-epi eksite, epi sot *isi* a epi renye Pawòl la. Sa pa enpòtan sa moun yo di, li gen kè I ki kanpe sou on sèl bagay: Bondye. E si Bondye vrèman rele I, alò Jezikri bay reflè Tèt Li atravè li ak Glwa Chekina a, ap fè menm bagay Li te fè anvan la a; manifeste menm Levanjil la, ap preche menm Pawòl la, menm Pawòl ki te manifeste nan menm mezi I te ye lè sa a, jis tankou I te vrèman ye nan Pannkot, li tounen mezire ankò. O la la!

304 "Fotèy mizèrikòd." Ezekyèl ak Jan toude te wè menm bagay yo. Kounye a, remake, kounye a nou jis apeprè vin nan fen an, jis nan on tikras tan. Kounye a, men kote m vle nou

konprann on bagay. O, tanpri pa rate !! Kounye a, konbyen moun ki konnen ke Cheriben sa yo se te *Kreyati vivan* e pa bêt? Yo te...on nivo siperyè.

305 Bon, èske yon Zanj s on pi wo nivo pase yon nonm oswa on pi ba nivo? Trè byen, mesye. Kiyès ki pi gran, on ptit Bondye oswa yon Zanj? Ptit Bondye! Kiyès Bondye t ap pi byen tandem, yon Zanj ki kanpe la a devan L k ap plede pou on bagay, oswa youn nan nou tout k ap plede? Youn nan nou tout! Ou wè, paske nou se ptit gason ak ptit fi. Yo se-yo se sèvitè. Ou wè? Yo se sèvitè, epi nou se ptit gason ak ptit fi. Kidonk nou wè ki otorite nou genyen, nou jis pè sèvi avè l.

306 Kounye a, m vle nou remake isi a, sa a bèl. O la la! Kite m rive bò isi a epi sote kèk nan sa a, konsa m ka rive anba nan sa a. Pran plim nou kounye a, men sa m te vrèman vle nou trase. [Frè Branham mete on desen sou table a—Editè a.] Petèt pito m ta fè sa on tikal pi piti. Kounye a, Izrayèl nan vwayaj yo, lè yo te monte kan yo, kounye a gade sa byen, yo te monte kan yo: youn, de, twa, kat. (Non, m kwè m fè erè.) Youn, de, twa; youn, de, twa; youn, de, twa; youn, de, twa; se fason sa yo te monte kan yo nan viwonn fotèy mizèrikòd la. Kounye a, m konnen, nou tout konn sa, nou te gade epi nou te li nan Ansyen Testaman an.

307 Kounye a, sou bò solèy leve a, bò lès la, dwat isi a, m ap mete l anba konsa n ap sèten nou konprann li. Lès, kote lès la se te toujou Jida. Sa se pòtay la, J-i-d-a, Jida. E ak Jida...te nan tèt twa tribi ak bannyè yo; twa tribi ak bannyè yo, bannyè Jida a. Nou sonje...Konbyen moun ki te wè *Dis Kòmandman Yo*, *Dis Kòmandman Cecil DeMille* la? Trè byen. Oswa, nou li l isi a menm nan Ekriti a, nan Ekriti a la a, pito, te gen Jida sou bò lès la. Trè byen.

308 Sou bò Iwès la, anba *isi a*, (Kounye a nou make l, nou li l dwat...li nan Egzòd, e latrìye, jan yo soti a.) te gen Ephraim, E-p-h. E li te gen twa tribi ak bannyè yo. Trè byen, Ephraim.

309 Kounye a, e sou bò sid la se te Ribenn, R-i-b, ak twa tribi, ak bannyè yo.

310 E sou bò nò a se te Dan, Dan ak twa tribi, ak twa tribi ak bannyè yo. Trè byen.

311 Kounye a, se fason sa yo te monte kan yo. Kounye a, sonje, ann li kounye a nan Lekriti kounye a konsa nou jis konprann sa egzakteman byen. M ap kòmanse anvan nan vèsè 7 la:

E...bèt la te sanble ak *yon lyon*. *Dezyèm lan*... te sanble ak *yon jenn ti towo bèf* (oswa yon jenn bèf). *Twazyèm bét lan* te gen *yon figi ki* te sanble ak *figi moun*. Kat bét *lan te...e...katryèm bét lan* te sanble ak *yon zèg k'ap vole*.

E kat bét yo, yo chak te gen *sis zèl* bò kote l. E yo te plen ak *je andedan*. *Lajounen kou lannwit y'ap di san rete*: *Sen, sen, sen...* *Seyè Bondye ki gen tout pouvwa a*, *Li menm ki te la*, *ki la koulye a*, *ki gen pou vini an*.

*Kat bêt vivan sa yo t'ap chante pou fè Iwanj moun ki chita sou fòtèy la, pou rann li onè, pou di l' mèsi, li menm ki vivan pou tout tan an. Chak fwa yo pran chante,*

*vennkat gramoun yo te tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo te adore moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo-jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di:*

*O Seyè, Ou merite pou ou resevwa Iwanj... respè... ak pouvwa. Se ou menm ki kreye tout bagay. Se poutèt plezi W, si yo...kreye.*

312 Bon, kounye a, se pou n gade. Sou bò lès la-bò lès, li te wè ki kalite figi? Si n remake, se t on Lyon, l-y-o-n, se te bannyè a. Se te-se te bannyè ofisyèl Jida a. Paske Li se...Jezi soti nan...Vre! E Li se Lyon tribi Jida a.

313 Kounye a, konbyen moun te janm wè zodyak la? Anpil nan nou konn sa l ye: zetwal la. Ou wè? Se te premye Bib Bondye. Bon, a kisa l kòmanse, premye nimewo zodyak la, premye figi a? Se vyèj la! Èske se vre? E kisa dènye a ye? Leo, Lyon an. Premye Vini an ak Dezyèm Vini Kris la, tout nèt ale la a. Yo gen kansè a k kwaze...oswa laj kwaze a se jis rive kote l se pwason kwaze yo, ki se laj kansè a, e nou viv dwat nan li.

314 E remake lè yo konstwi piramid la, nan tan Enòk, tout pyè yo te la. Yo te ka mezire bagay sa yo ak presizyon e rakonte gè yo ak bagay sa yo. Tout bagayacheve eksepte Pyè prensipal la. Poukisa? Nou remake sou biyè on dola nou? Pran li e gade, somè an pa la. Poukisa? Li pat janm poze. Kris se Pyè prensipal la ki te rejte, Li te Pyè prensipal la ki te rejte. Lap retounen byento. Gade ki jan Legliz sa a, lòt bò a nan laj Literyen an vin on minorite, on ti kal pis minorité, on ti kal pis jiskaske l vin pa anpil; aprè l kite laj Lapannkòt, li retounen sou chak pyè pou l poze somè a la a, on Legliz ki pral pwodwi Jezi menm yè a, jòdi a, e pou tout tan. Jis otan ke l ka pafè!

kounye a, Li te Lyon tribi Jida a.

315 Kounye a, nenpòt moun ki janm li Bib la konnen ki nimewo Dan te ye, ou pa-pa Dan... Oh, m vle di pa, wi, pa Dan lan? Pa l, li te on èg. Se vre. Li te on èg. On moun li Bib li. Li te on èg.

316 Kounye a, pa Woubenn lan se te lòm. Li te premye a, pi fèb la nan gwoup lan. Èske Jakòb pa di sa nan-nan Jenèz 49? "Woubenn, ou se premye fòs mwen; men menm jan ak dlo, ou monte sou kabann mwen e ou souye kabann mwen," e l te viv ak fam kay papa l. Wè, se sa imoralite èt imen an. Nou wè? Bèt la pa gen imoralite sa yo, Lyon an, okenn nan bagay sa

yo genyen I; men lòm lan genyen I, ap kouri ak madanm pwochen an e ensidswit. Jis tankou... Egzakteman menm bagay la, tout bagay fini.

317 Kounye a, sa a isi an, sa a, Dan te on èg. E, isi a, Woubenn te figi n òm lan. E Efrayim bèf la. Kounye a, nou wè table a? Efrayim... Men ki jan yo te moute kan yo, nan Bib la.

318 Kounye a, si nou remake, Dan se chèf twa tribi, Jida se chèf twa tribi, Woubenn se chèf twa tribi, e Efrayim se chèf twa tribi. Twa pa kat fè douz, douz tribi Izrayèl. Wè, chak avèk banyè yo; e banyè Jida a se ton Lyon; banyè Woubenn lan, on òm; banyè Efrayim, on bèf; banyè Dan lan-lan-lan se ton èg.

319 Kounye a, gade la a ki sa Jan di: "E youn te gen figi..." Annou li la a kounye a, jis gade si se pa menm bagay la ki te nan Syèl la:

*...Premie a te sanble ak yon Lyon, (Jida)... dezyèm lan te sanble ak yon jenn ti towo bèf... twazièm lan te gen yon figi ki te sanble ak figi moun, katriyèm lan te sanble... ak yon èg kap vole.*

320 Se egzakteman tribi Izrayèl yo ki te moute kan yo otou, ap veye, yo se gadyen terès ki bay aksè a lach la. Oh, Alelouya! Èske nou pa wè I?

321 Isit la! Mizerikòd, s-y-è-j-m-i-z-e-r-i-k-ò-d, "syèj mizerikòd." Anyen pat ka pwoche I san yo pa pase pa tribi sa yo. Pase pa kisa? Lyon an; pase pa òm lan, entelijans òm lan; e pase pa cheval la, tankou on bèf; pase pa èg la, rapidite li. Wè? Syèl la, latè a, ant tou de, e toutotou; nou wè, yo te dè gadyen. E anlè I te gen Kolòn Dife a. Frè, anyen pat ka manyen fotèy mizèrikòd sa a san apwòch la...

322 E sèl bagay ki te ka pwoche I se te pa san an. Arawon te ale ladann on fwa pa ane avèk san an. Kounye a nou wè I? Kounye a, gade. Chak chèf twa tribi yo tap veye fotèy mizèrikòd la, fotèy mizèrikòd Ansyen Testaman an. Kounye a, èske nou tout ekri sa a? Kounye a, men youn ki tou novo, frè. Tande sa , apresa nou prale. Kounye a, sonje, sa se te gadyen Ansyen Testaman yo. Konbyen ki janm li I nan Bib la, nou konnen se vre? Wè? sa se gadyen Ansyen Testaman yo.

323 Kounye a n ap viv nan yon lòt laj. Glwa! O, m renmen laj sa a! E oumenm? Kounye a, Bondye g on fotèy mizèrikòd jodi a ki dwe gen gadyen. Nou kwè sa? Kote yo jwenn fotèy mizèrikòd la? Nan kè lòm. Kote I te vini nan kè lòm la? Nan jou Pannkot la lè Sentespri a (ki se Bondye) antre nan kè imen an. Èske se vre? Kounye a, ann make sa isi a, epi pare pou trase I si n vle. Pannkot, P-a-n-n, m ap mete Pannkot. Sa se fotèy mizèrikòd la, Sentespri a. Mete anndan isi a...M ap di n kisa, fè I pi kòrèk, ann met anndan isi a "Kolom" lan ki vle

di...zwazo an, ou wè. Trè byen, ap fè gadyen fotèy mizèrikòd la, kounye a èske Bondye gen gadyen pou fotèy mizèrikòd la jodi a? Kounye a sa...Kounye a, gad kijan sa trase bèl.

324 M te chita lòt jou a epi m te wè sa, epi m te jis sote epi kouri fè tou epi fè tou chèz la, ap di: "Glwa! Glwa! Glwa! Glwa!" vire, vire. Charlie, m ap aji pi mal pase sa m fè anwo nan bwa yo pafwa. Sè Nellie, si m ta aji kon sa, w ap kouri mete m deyò lakay ou byen rapid. Huh? O, m jis te g on moman glorye. Kounye a, gade sa I te ye, sa Seyè a te fè.

325 Kounye a, Pannkot, apre Pannkot, te ekri on Liv de (Kisa?) Ak Sentespri a, A-k. Èske se vre? Ak kisa Ak yo kòmanse, premye bagay pou antre nan lesali? Ak 2:38. Men dènye sa a, bò la a. Èske se vre? " Yo tout te ranpli ak Sentespri a epi kòmanse pale ak lòt lang. Epi Pyè te kanpe epi te preche on sèmon ba yo. Yo te di: 'Kisa n ka fè? Kòman n ap fè antre nan sa?' Li te di, Ak 2:38: 'Repanti, epi batize nou chak, nan Non Jezikri."

326 Kounye a, sonje, Bondye gen kèk gadyen pou sa-pou fotèy mizèrikòd sa a. Kisa k fotèy mizèrikòd sa a ke yap veye? Trè byen. M-a-t, Matye, sou bò lès; Lik, Lik; Mak; ak Jan. Tou le kat Levanjil yo konfime Liv Ak yo kap vini, yo veye I nenpòt kote ou vle gade I.

327 Ann jis pran youn, jis youn, nou pa gen tan. M gen ven oswa plis ki ekri isi a, men ann jis pran youn sou sijè sa a pou lesali. Èske n ap gen tan pou priye? Non, li inè, kifè m imajine nou pa genyen I sòf si nou tout vle lapriyè pou malad yo. Kounye a, m gen...m jis g anpil tan. Ou wè? [On frè di: "Pran tout jounen an."—Editè a.] Trè byen.

328 Kounye a, remake sa a! Matye, Mak, Lik, ak Jan, kisa I ye? Chif latè, de Levanjil yo, kat. Trè byen, remake.

329 Kounye a, Matye 28:19. 28, kounye a, sa se kote noumenm frè trinitè yo prale, 28:19. Trè byen. Matye, nan dènye pati chapit la, te di: "Al anseye nan tout nasyon, batize yo nan Non Papa, Pitit, Sentespri"; men men Pannkot vini nan viwonn lan, e Pyè te di: "Repanti, epi batize nan Non Jezi."

330 G on bagay ki pa bon la a. "Matye, èske w se gadyen pòtay nan lès sa a?"

331 Kijan pòtay la ye? Pòtay la se kisa? Jezi. Jezi te di: "Pòtay ki dwat la." Èske se vre? Èske I ekri...Kijan I ekri, d-w-t oswa d-w-a-t? D-w-a-t vle di "dlo", pòtay la se dlo." Kijan w antre? "Repanti, nou chak epi batize nan Non Jezikri," debloke pòtay la. Ay! Fiouw!

332 "O, men, Frè Branham, ou gen Matye 28:19 anba la a." Se egzakteman sa. "Men, Matyen, èske w se gadyen l?"

"Sèten, m se gadyen ki konplè a."

333 Kounye a pran Matye 1:18 epi wè sa l di, wè si se gadyen-se gadyen sa a. Wè si Matye 1:18 se gadyen Matye 1...28 epi Ak 2:38. Wè si se gadyen !!

*Men ki jan Jezikri te fèt...*

“Men Bondye Papa a, Bondye Pitit la, Bondye Sentespri a,” yo eseye di.

*...ki jan Jezikri te fèt. Lè...Mari, manman Jezi, te fiyanse avèk Jozèf. Anvan menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l' ansent on timoun pa pouvwa Sentespri.*

Kilès moun? Sa mete yo toude fè Youn!

E tou...sa...pase, konsa...E men,...

Kounye a Jozèf, mari l' la, te yon nonm jis. *Li pa t' dispoze fè eskandal ak sa. Li te vle kase fiyansaj la fason sa a.*

*...li wè yon zanj Seyè a, desann, vin sou li (Nou konnen.) epi te di: Jozèf, pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se pou Sentespri a. (Ou wè?)*

*Li pral fè yon pitit gason... yo va rele l' JEZI...*

*tou...Sa...pase, konsa sa te ka rive...pa pwofèt la,...*

Ke, on vyèj a *pral* ansent...(Ezayi 9:6)...on vyèj a *pral* ansent, e...*li pral fè yon pitit gason*, e y'a *rele l* [Asanble di: “*Emannwèl*.”—Editè a.]

334 Èske l se gadyen l? “Papa, Pitit, ak Sentespri,” Papa, Pitit, ak Sentespri, jis sa a: tit pou yon sèl Non sa a. Kidonk gadyen an kanpe la a menm pou kore l. Nou konprann li? O la la! Kounye a, konbyen moun ki conn sa a? Men li! Li son gadyen.

335 Kounye a, ann jis...M gen tout on pakèt lòt pou lesali, pran lòt sa yo. Men kounye a si nou pral g on liy pou lapriyè jis nan on minit, pou jis apeprè di minit ann eseye on lòt bagay isi a jis on minit. Ann pran kèk Ekriti kounye a. Ki kote m ta ekri sa? Men yo. Trè byen.

336 Kounye a ann pran epi wè si Matye isi a kounye a pral gadyen l pou gerizon Divin. Nou gen kreyon ak bagay nou yo kounye a, ke n ap ekri avè l la? Trè byen. Wè si Matye divize....pral gadyen l. Ann pran Matye 10:1.

337 Ann pran epi wè si Jan...jis youn ou de, ann pran de, oswa youn oswa de nan sa sa yo ye, Jan 14:12, ak 15:7.

338 Wè si yo se gadyen gerizon Divin nan viwonn Twòn Bondye a! Mak 16, Mak 11:21 ak 22.

Lik 10:1 rive 12, ak Lik 11:29 rive 31. Ann tcheke kèk nan yo, wè si yo se gadyen, wè si yo se gadyen pou dwa pou gerizon Divin men jan yo se gadyen pòtay pou batèm nan Non Jezi. Nou ka pran l atravè chak nan yo. Se vre.

339 Kounye a ann jis tounen epi wè Matye 10:1. Jis vire tounen kounye a konsa nou...epi nou pral konkli jis nan apeprè senk, di minit, pou pi plis, si Seyè a vle. Trè byen, ann pran Matye 10, wè si Matye se gadyen Ak apot yo.

340 Èske N te panse ke-ke Bondye pa mete on gadyen nan viwonn Pawòl Li? Gade si bèf sa a, lyon, lòm, zèg pa toujou poze nan pòtay sa yo isi a menm sou latè kounye a menm? Men Levanjil yo, kat Levanjil yo. Ou wè? E, nou remake, tout dirèksyon yo t ale yo t al dwat devan. Yo pa di lekontrè youn ak lòt, yo ret youn ak lòt. Ou wè? Youn al ak abilité yon nonm; lòt la al ak rapidite yon zèg; lòt la s on pastè..Youn s on evanjelis, pou vole tankou evanjelis, ou wè; lòt la s on pastè; lòt la s on djanm; lòt la abil. Ou wè, te gadyen nan chak bò, Bondye k ap gade Levanjil Sentespri sa a! Kwè L, frè! Trè byen.

341 Kounye a ann pran Matye 10:1.

E lè l te *rele douz disip li yo, Li ba yo pouvwa...* (Hmm!)

Yo te rasanble nan chanmòt la,

Tout ap priye nan Non Li,

Batize ak Sentespri,

Ak pwisans pou sèvis vini;

Sa L te fè pou yo jou sa

L ap fè l pou ou menm jan,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

342 O, jis kalme bebe a jis on minit kounye a. Jis koute, koute byen:

...e *Li ba yo pouvwa kont move lespri...*

343 Anpil pastè jis kite move lespri yo rete dwat nan legliz li; fanm abiye, aji, fèt kat, jwèt aza, dans, soupe soup, tout...O, mizèrikòd!

...kont move lespri, pou chase yo, ak pouvwa pou geri tout kalite maladi ak maladi.

344 Nou wè gadyen sa a k chita la a nan pòtay la? Gadyen Levanjil la pou kore liv Ak sa a ki te ekri!

345 Kounye a, m te tandem on gwo anseye sa pa fè lontan, te di, I...youn...on gwo moun, mesye debyen, m te rankontre I, m te ba I lanmenm, on frè debyen. Li te di: "Men Ak apot yo se te jis chapant Legliz la." Huh! Nan lòt mo, li te gen chapant la deyò *isi a*, ou wè. Lè, Ak apot yo te andedan, epi Levanjil sa yo se chapant la pou kenbe L ansanm epi pwoteje L. Ou wè kijan lespri yon-yon-yon nonm ka fè nenpòt kisa. M ta panse menm bagay la si se pat pou Li. Ou wè?

346 Chapant lan, Pannkot pat chapant Levanjil la. Kat levanjil yo se chapant lan pou sipòte Pannkot la! Apre yo te monte chapant sa a, Pannkot vin egziste. Èske se vre? Kilès ki te ekri an premye, Liv Ak yo oswa-oswa apot yo? Apot yo. Jezi te mache la a ap fè zèv epi ap predi sa k t ap vini, ak Matye, Mak, Lik, ak Jan, kat gadyen sa yo vini epi yo tap ekri tout bagay yo te wè k ap rive, ap di I jan I ye a, kijan I t ap pral rive, kisa k ta pral rive. Apresa briksoukou yo te mete chapant nan viwonn Li, e men L vini! Amèn! Matye, Mak, Lik, ak Jan, se chapant lan, oswa gadyen travay la ki pwoteje tamp prensipal la, Twòn lan, Benediksyon Pannkot la.

347 Pa denominasyon Pannkotis, frè, sè, yo retounen dwat nèt andeyò tout bagay la, uh-hum, pi lwen deyè pase nenpòt lòt legliz yo. Yo pi lwen nèt pase Literyen yo te ye. Literyen te kenbe on tikal pi byen pase yo te fè I, e se vre, e plis sanble ak li. Tout bon vre, Gene, paske, kounye a, m pat wè Jezi sou deyò legliz Literyen an, ap eseye antre, men ap eseye...paske m panse Li pat menm andedan pou kòmanse. Men Li-Li te andedan nan legliz Pannkotis la e yo te mete L deyò. Se vre.

Kounye a, Matye 10:1.

348 Kounye a ann al bò isia nan Jan 14:12 epi wè si-si-si Jan ap kore epi fè gadyen bagay presye Pannkot la. Nan Jan, chapit 14 ak vèsè 12 la, Jezi ap pale:

An verite, an verite, *M di nou: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou I' fè tou sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske mwen pral jwenn Papa M.*

349 O, frè, pòtay sa a la a, kote zèg la te chita la a menm paske sa se sèvis evanjelik la, ou konnen, ap vole tankou yon zèg. Rapidite, ale dwat nèt nan peyi pwofetik la anwo la a, ou wè, ka wè bagay yo davans epi di bagay ki te la, ki la, e ki va vini. Ou wè? Chita la a menm ap fè gadyen pou li, te di: "Zèv ke M fè yo!" Gade zèg sa a, ou wè.

350 Men Lyon an, sèvitè a. Jezi te ba yo pouvwa. E Li pwoteje L, Li pwoteje Ak 2:38. Li soutni l la a menm, Lyon sa a.

351 Men rapidite Levanjil sa a vini, ak zèg sa a, ap di: "Zèv sa yo ke M fè ou va fè yo tou. Ou va fè plis pase sa," vole atravè mond lan avè L! Tankou kolom lan ki te gen tèt konpayon l lan ki te rache, epi vide, san an koule sou tè a, ap rele: "Sen, sen, sen, pou Seyè a," netwaye lepre a. Ya.

352 Kounye a, m g on lòt la a, Jan 15:7. Ann vire dwat nan chapit 15 lan, vèsè 7 la:

*Si nou fè yonn ak mwen, kounye a, ak pawòl mwen...(pa pawòl seminè a)...si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li.*

353 Se vre? Alò yo fè gadyen Levanjil la isi a menm. Jan ak Levanjil li fè gadyen Benediksyon Pannkotis sa a; Matye, Levanjil li te gadyen L.

354 Kounye a, ann desann nan pwoche Levanjil la, Mak, chapit 16, wè si Mak te gadyen Benediksyon Pannkotis sa a. Mak, chapit 16 la. Kounye a, ann kòmanse isi a apeprè...apre...pale de rezireksyon an. Kounye a, ann kontinye desann jouk nou manyen apeprè Mak 16 vèsè 14 la-la:

*Pita, Jezi parèt devan tout onz disip yo yon lè yo t'ap manje vyann. Li repwoche yo dèsk yo pa t' gen konfyans, yote gen kè di, yo pa t' kwè moun ki te wè l' yo apre li te leve soti vivan pami mò yo.*

355 Yo pat kwè sila yo ki t ap eseye di yo mesaj la. Ou wè, se fason sa l ye jodi a. Moun yo ki g on temwyen Sentespri a; moun yo te di: "San sans, yo s on pakèt egzalte." E Li te repwoche yo poutèt kè yo te di, ou wè, ak enkredilite yo; ki te konnen L nan rezireksyon Li.

*Epi li di yo: -Ale toupatou nan lemonn, anonse levanjil la bay tout kreyati.*

356 Kisa? Pou preche...sa a...g on sèl Levanjil sèlman; kat gadyen. "Preche Levanjil sa a bay tout kreyati!" Kounye a, sonje, L ap pran tou de, tout kat gadyen yo (Matye, Mak, Lik, ak Jan), ou wè: "Preche Levanjil la bay tout kreyati!"

*Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. E, moun ki pa kwè va kondannen.  
(Ou wè, nou dwe antre nan batèm sa a isi a.)*

*Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. E, moun ki pa kwè va kondannen.*  
(O, frè, kwè, tanpri!)

E...(Konjonksyon, pou konekte rès fraz yo ansanm.)...E siy sa yo va swiv sila yo ki kwè;...

357 Ebyen, kounye a, ann wè, kisa Metodis la di? "Si nou ka rele, viv on bon vi." Batis la di: "Jis gen lafwa epi batize." Episkopalyen di: "Kanpe tankou on Episkopalyen, kon sa, epi bese lè chante ap fèt." Katolik la di: "Nou salye w, Mari." Pannkotis la di: "Antre nan denominasyon nou an. Batize nan Non 'Papa, Pitit, ak Sentespri.'" Men li. Ou wè?

...siy sa yo va swiv *moun ki kwè*; *Nan non mwen*...(Hmm, Pa "Papa, Pitit, Sentespri" apeprè sa.)...*y'a chase move lespri nan non mwen, y'a pale nouveau lang.*

*Yo ta mèt kenbe sèpan,...yo ta mèt bwè pwazon, anyen p'ap rive yo; y'a mete men yo sou tèt moun malad, moun malad yo va geri.* (Amèn! O, frè!)

358 Kounye a tounen dwat nan 11 lan, epi nou jis prèske pare pou n konkli. Matye 11, e m gen 20 ak 21, Jezi k ap pale. Tout sa yo se Jezi k ap pale, kounye a, pa youn nan yo men sa Jezi ap pale, yo chak.

*Nan denmen, antan yo...t'ap vin toupre Betani, Jezi te grangou.*

E *li wè yon pye fig frans...*

359 Sa se lè Li te madichonnen pyebwa a (sa se Matye 21). M gen... :12, tanpri padone m. Mak 11:21 ak 22:

*Pyè vin chonje sak te pase. Li te di Jezi konsa: -Mèt, gade pye fig frans ou te madichonnen an sou chimen an...*

*Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di li: -Se pou nou toujou gen lafwa nan Bondye*  
(Ou wè?).

An verite *m'ap di nou*, (lè sa a, li sou andedan)...*di nou: si yon moun di mòn sa a: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, si l' pa gen doutans nan kè l' menm, men...kwè ke sa l' di a gen pou rive, li ka gen...la gen kèleswa sa l di.*

360 Gason, bèf la se gadyen pòtay ki nan sid la. Lyon an se gadyen pòtay ki nan nò a, pòtay ki nan nò a...M vle di pòtay ki nan lès la. E zèk k ap vole a se gadyen pòtay ki nan nò a, Jan, evanjelis la. Alò doktè a sou bò sa a, Lik, lòm.

361 Kounye a, ann wè sa Lik di. Pran Lik, chap-...1 a...M kwè nou pran Lik 10:1 rive 12, Se-sse komisyon an. Nou tout konn sa sa ye, men...Lik, chapit 10 la, epi 1 rive 12. Trè byen, nou te ka al dwat pi devan epi li tout, men nou pap gen tan fè sa. "Al nan chimen nou..." M ap kòmanse nan vèsè 3 a:

*Ale nan chimen nou: m'ap voye nou tankou ti mouton nan mitan lou.*

*Pa pote ni bous, ni lajan,...*

362 Ou wè, "Pa ale nan kèk non on denominasyon. Al jan M voye nou. Ou wè? Pa al ak asirans ke w pral gen sanmil dola pou revèy sa a; si w pa fè sa, pa ale. Ou wè, òganize kanpay ou yo." Li te di: "Al kote M voye nou." Ou wè.

*Pa pote ni bous, ni lajan, ni soulye...Pa rete nan di pesonn bonjou nan chemen an.*

363 "Pa kanpe la a epi di: 'M pral la a epi wè kijan...sila yo ye...kijan sila yo...' Kontinye ale kote m voye nou. Pa fè atansyon a pyès lòt moun."

*Lè nou antre nan yon kay,...di: Lapè nan kay sa a.*

*Si gen yon moun ki ka resevwa lapè an, lapè w lan va tounen...va desann sou li; si pa genyen, li va tounen vin jwenn ou ankò.*

*E nan menm lè a, Rete nan menm kay la a (pito); manje, bwè tou sa y'a ban nou, (Kounye a, tout sa yo apeprè "pa manje vyann, e latrìye toujou." O la la, kèt! Ou wè?) paske moun ki travay merite pou yo peye l' lajan travay li. Pa soti nan yon kay pou al rete nan yon lòt.*

364 Al ak lè Joneses jodi a, pou dine, epi al ak pwochen pè a-a jou apre a, epi pwochen pè a apre. "Rete la a menm!"

Sa se lè m al nan on reyinyon, ou konnen, poukisa m rete lamenm nan lotèl la, epi ret la a menm, se egzakteman kote m jwenn lapè. Ou wè? Pa sot nan on kay al nan on lòt kay!

*Lè nou va antre nan yon lavil, la a lè yo resevwa nou, manje sa y'a mete devan nou.*

*Geri moun malad-geri moun malad ki nan lavil la, di tout moun yo: Wayòm la...Bondye rive toupre nou.*

365 Men kounye a, ebyen, kite m li vèsè k vin apre a:

*Men, lè nou antre nan yon lavil, si yo pa resevwa nou, mache nan wout nou soti...nan vil la nan...menm...jou an,*

...

*Men n'ap souke pousyè lavil la ki te separe nou, nou...(Ann wè kounye a.)...Menm...E...Men n'ap souke pousyè lavil nou an ki te kole anba pye nou, nou separe ak nou. Tansèlman, konnen byen: wayòm Bondye a te rive toupre nou.*

*M'ap di nou sa: Jou jijman an, y'ap pini lavil sa a pi rèd pase lavil Sodòm.*

366 O, frè, ak asirans beni sa a! Si yo pa wè, resevwa nou, ale, jis di: "Ebyen, si w pa vle m, m ap jis siye pousyè a, epi retire l nan soulye m, epi kontinye soti dwat." Nan lòt mo, di: "M pat janm pran anyen; si m manje nenpòt bagay, m ap peye w pou li, epi ann kontinye." Li te di: "An Verite..." E chak nan vil sa yo ke yo t al ladan l epi yo pat resevwa yo, chak nan yo koule epi disparèt jodi a. E tout vil-vil ki te resevwa yo, toujou kanpe jounen sa a. Men li.

367 Kounye a, youn ankò, epi apre konkli. Ann wè, nou gen 10. 11:29 rive 31, Lik 11:29 rive 31, apresa n ap konkli. O, m renmen Sa!

*Anpil moun t'ap vin rasanble...*

368 Ann wè, èske m gen...Èske sa se Lik, Lik 11:29? Wi, m imajine se t ap sa. Ya:

*Anpil moun t ap vin rasanble an kantite bò kot Jezi. Li pran di yo: Ala move moun se moun alèkile yo! K'ap chache yon siy. Men, yo p'ap...jwenn...okenn siy pase siy pwofèt Jonas la.*

*Menm jan Jonas te yon avètisman pou moun lavil Niniv yo, se konsa...tou Fis de lòm lan va yon avètisman pou moun alèkile yo.*

*Jou jijman an...laren peyi ki nan sid la va leve kanpe...moun alèkile yo, li va fè yo kondannen li. Lè li te soti byen Iwen, jouk nan dènye bout latè, pou l' te vin tandem pawòl bon konprann Salomon yo. Men isit la, gen bagay ki pi gran pase Salomon.*

*Jou jijman an tou, moun lavil Niniv va leve kanpe ak moun alèkile yo, e...y'a fè yo kondannen l. Paske yo menm, yo te repanti, lè Jonas te preche. Men isit la, gen bagay ki pi gran pase Jonas.*

369 Kisa m ap di kounye a? Nan konkli, m ap jis dwe bay rès li a vag. Men, nan konkli, m vle di sa paske m te kenbe nou twò lontan. Kisa L ap di isi a? G on jou k pral vini ke yon mechan ak on jenerasyon, adiltè," (Kounye a sonje!) "pral chache on siy. E sa s on jenerasyon

mechan ak adiltè." Epi L te di: "Jenerasyon sa a ap resevwa on siy." Gade jan sa alien ak rès Bib la, siy Jonas lan. "Jonas te nan vant balenn lan pandan twa jou ak nwit; se konsa Fis de lòm lan dwe nan vant latè a-a pandan twa jou ak nwit." Kisa l va ye? Siy rezireksyon an. Ou wè? Siy rezireksyon an va fèt nan yon jenerasyon mechan ak adiltè, e l te fèt nan Liv Ak yo. Jezi te leve vivan sot nan lanmò, vin nan Pyè, Jak, ak Jan, ak apot yo, e yo te fè sa nan Liv Ak sa a (se pat ak apot yo), se te ak Sentespri a k ap travay nan apot yo.

370 Se pa yon nonm jodi a; se Sentespri a k ap travay nan yon nonm, oswa lèzòm, ou wè, ki fè zèv la. Se pa lòm; lòm se jis on vesò, ou wè, men Sentespri a se Lwil ki anndan vesò sa a. Ou wè?

371 E gade sa yo te fè, gade siy yo ke yo te fè ak Jezi. Yo te dwe reyalize sa paske...Yo-yo yo te iyoran, san edikasyon, Pyè ak Jan. Men yo te dwe reyalize sa, yo te ak Jezi! Yo te fè bagay ke L te fè. Kidonk, nou wè, chak Liv nan Bib la, chak...kat Liv yo, kat Levanjil yo se gadyen Benediksyon Pannkotis la ak chak Ekriti pou kore egzakteman sa yo te di. E kounye a Ak apot yo konfime jodi a ak kat Levanjil yo ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske n renmen L?

Yo te rasanble nan chanmòt la,  
Tout ap priye nan Non L,  
Batize ak Sentespri,  
Ak pwisans pou sèvis vini;  
Sa L te fè pou yo jou sa  
L ap fè l pou ou menm jan,  
M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

372 Te m chante I:

Yo te rasanble nan chanmòt la,  
Tout ap priye nan Non Li,  
Batize ak Sentespri,  
Ak pwisans pou sèvis vini; (Se sa n bezwen jodi a.)  
Sa L te fè pou yo jou sa

L ap fè l pou ou menm jan,  
M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Moun sa yo ka pa aprann pou ye, (Pa...Jis tankou Pyè, Jak, ak Jan.)

Oubyen gonfle ak repitasyon mond lan,

Yo tout te resevwa Pannkot yo,

Batize nan Non Jezi;

E y ap di kounye a, ni lwen ni laj,

Pwisans Li toujou menm jan, (Jis menm jan I te ye.)

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

M se youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

Youn nan yo, m se youn nan yo,

O, m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, vin chache, frè m, benediksyon sa

K ap netwaye peche nan kè w,

K ap kòmanse sonnen klòch lajwa

E kenbe dife nan nanm ou;

O, li boule kounye a nan kè mwen,

O, glwa pou Non Li,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo; Alelouya!

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

373 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Sa twonpe anpil nan moun sa yo. Se...Anpil moun deyò isi a nan lari a k al legliz, mache nan legliz yo, yo twonpe yo tankou Èv te twonpe nan kòmansman an. Yo pa konn diferans lan.

374 O, vin pran Pyebwa Lavi a! Kounye a, nan plas Cheriben yo...Kounye a, m vle di on bagay. Nan plas Cheriben sa yo ki se gadyen Twòn sa a, yo deyò isi a ap chache, ap ese ye dirije moun yo, fè gadyen yo pou al nan Twòn lan, ap ese ye fè yo pase nan pòtay la, retounen nan Pyebwa Lavi an ankò ke yo ta ka pran Sa. Jezi te di: "M se Pen Lavi a ki sot nan Bondye soti nan Syèl. Sila ki manje Chè Mwen epi bwè San Mwen gen Lavi Etènèl e Mwen va leve I vivan nan dènye jou an." Se vre. O, m sitèlman kontan!

375 Konbyen moun ki malad nan sal la? Kite n wè men nou, leve men nou. Trè byen. Konbyen moun ki gen...Èske sa...Èske m te konprann Billy? Kote I ye? Èske I te distribye kat pou lapriyè? Èske w te...? [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Trè byen, kimoun ki gen...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

376 Kounye a, gade nan direksyon sa a, nou tout. Kounye a, sa jis tankou I ye lè I vin anba Glwa isi a, ou wè. Ou wè? Ou wè? Li vin...Se Limyè a bò isi a. N ap bouje isi a, nou wè. Kounye a, gade, se jis-se jis yon reflè, jis on reflè, sa ye, ou wè. Se pa Limyè a. Men Limyè a pandye isi a menm, ou wè, isi a menm bò madanm sa a. M te jis rive kape L epi m te panse Li te sou on moun.

377 Kounye a, n ap wè youn e m ap wè de. Youn nan yo se natirèl la, epi lòt La se Sinatirèl la. G on mesye k chita sou deyò isi a, bò liy sa a k ap gade nan direksyon Limyè sa a. Sa te frape I. Li sot Seymour, Indiana, e I gen...te g on stwok. Si w va kwè, mesye, Bondye ap geri w ak stwok sa a. Amèn! Kwè kounye a!

378 Èske n kwè ak tout kè nou? Alò si Seyè Bondye a, Kreyatè syèl ak latè, va kite m fè on bagay pou pwouve nou ke se Bondye, alò n ap kwè ak tout kè nou? Kondisyon ou-ou s on kondisyon nè ke s on-on-on menopoz ki lakòz. Ou kwè ke Bondye ap geri w? Ou pa moun isit tou.

379 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.]...ki pwoblèm ou? E, antan sa ap fèt, ke L t ap geri w? [Pati blanch sou kasèt.]...ta ka geri w, paske se pa oumenm ki vle pou geri, se pitit gason w. Ou wè? Li nan Vijini. Èske w kwè ke m ka di w kisa k pa bon avè l, pa èd Bondye? Li g on ilsè. Se vre. E g on lòt bagay ki pa bon avè l, li pa sove. E w ap lapriyè pou li. Kounye a, Madam Baker, retounen nan Somerset epi kwè ak tout kè w, Jezikri ap geri l. [Pati blanch sou kasèt.]...?...geri w, ou asepte L kòm Gerisè w? Si w te ka...[Pati blanch sou kasèt.]...gerisè. Pòl te di yon fwa...[Pati blanch sou kasèt.]

380 Oditwa moun sa yo ki te tandem ak atansyon jouk isi a nèt nan jounen an, Seyè, kounye a, Seyè Bondye, m priye ke mizèrikòdOu yo ak bonte W va rete sou yo.

381 Satan, m ba w defi nan Non Jezikri, soti nan moun sa yo! Yo te ret koute Levanjil la. Ou pa ka kenbe yo ankò. Kite pwisans dyab la ki te mare moun sa yo, pati!